- A double bar line with repeat dots on the twenty-second line.  
- A double bar line with repeat dots on the twenty-third line.  
- A double bar line with repeat dots on the twenty-fourth line.  
- A double bar line with repeat dots on the twenty-fifth line.  
- A double bar line with repeat dots on the twenty-sixth line.  
- A double bar line with repeat dots on the twenty-seventh line.  
- A double bar line with repeat dots on the twenty-eighth line.  
- A double bar line with repeat dots on the twenty-ninth line.  
- A double bar line with repeat dots on the thirtieth line.  
- A double bar line with repeat dots on the thirty-first line.  
- A double bar line with repeat dots on the thirty-second line.  
- A double bar line with repeat dots on the thirty-third line.  
- A double bar line with repeat dots on the thirty-fourth line.  
- A double bar line with repeat dots on the thirty-fifth line.  
- A double bar line with repeat dots on the thirty-sixth line.  
- A double bar line with repeat dots on the thirty-seventh line.  
- A double bar line with repeat dots on the thirty-eighth line.  
- A double bar line with repeat dots on the thirty-ninth line.  
- A double bar line with repeat dots on the fortieth line.  
- A double bar line with repeat dots on the forty-first line.  
- A double bar line with repeat dots on the forty-second line.  
- A double bar line with repeat dots on the forty-third line.  
- A double bar line with repeat dots on the forty-fourth line.  
- A double bar line with repeat dots on the forty-fifth line.  
- A double bar line with repeat dots on the forty-sixth line.  
- A double bar line with repeat dots on the forty-seventh line.  
- A double bar line with repeat dots on the forty-eighth line.  
- A double bar line with repeat dots on the forty-ninth line.  
- A double bar line with repeat dots on the fiftieth line.  
- A double bar line with repeat dots on the fifty-first line.  
- A double bar line with repeat dots on the fifty-second line.  
- A double bar line with repeat dots on the fifty-third line.  
- A double bar line with repeat dots on the fifty-fourth line.  
- A double bar line with repeat dots on the fifty-fifth line.  
- A double bar line with repeat dots on the fifty-sixth line.  
- A double bar line with repeat dots on the fifty-seventh line.  
- A double bar line with repeat dots on the fifty-eighth line.  
- A double bar line with repeat dots on the fifty-ninth line.  
- A double bar line with repeat dots on the sixtieth line.  
- A double bar line with repeat dots on the sixty-first line.  
- A double bar line with repeat dots on the sixty-second line.  
- A double bar line with repeat dots on the sixty-third line.  
- A double bar line with repeat dots on the sixty-fourth line.  
- A double bar line with repeat dots on the sixty-fifth line.  
- A double bar line with repeat dots on the sixty-sixth line.  
- A double bar line with repeat dots on the sixty-seventh line.  
- A double bar line with repeat dots on the sixty-eighth line.  
- A double bar line with repeat dots on the sixty-ninth line.  
- A double bar line with repeat dots on the seventieth line.  
- A double bar line with repeat dots on the seventy-first line.  
- A double bar line with repeat dots on the seventy-second line.  
- A double bar line with repeat dots on the seventy-third line.  
- A double bar line with repeat dots on the seventy-fourth line.  
- A double bar line with repeat dots on the seventy-fifth line.  
- A double bar line with repeat dots on the seventy-sixth line.  
- A double bar line with repeat dots on the seventy-seventh line.  
- A double bar line with repeat dots on the seventy-eighth line.  
- A double bar line with repeat dots on the seventy-ninth line.  
- A double bar line with repeat dots on the eightieth line.  
- A double bar line with repeat dots on the eighty-first line.  
- A double bar line with repeat dots on the eighty-second line.  
- A double bar line with repeat dots on the eighty-third line.  
- A double bar line with repeat dots on the eighty-fourth line.  
- A double bar line with repeat dots on the eighty-fifth line.  
- A double bar line with repeat dots on the eighty-sixth line.  
- A double bar line with repeat dots on the eighty-seventh line.  
- A double bar line with repeat dots on the eighty-eighth line.  
- A double bar line with repeat dots on the eighty-ninth line.  
- A double bar line with repeat dots on the ninetieth line.  
- A double bar line with repeat dots on the ninety-first line.  
- A double bar line with repeat dots on the ninety-second line.  
- A double bar line with repeat dots on the ninety-third line.  
- A double bar line with repeat dots on the ninety-fourth line.  
- A double bar line with repeat dots on the ninety-fifth line.  
- A double bar line with repeat dots on the ninety-sixth line.  
- A double bar line with repeat dots on the ninety-seventh line.  
- A double bar line with repeat dots on the ninety-eighth line.  
- A double bar line with repeat dots on the ninety-ninth line.  
- A double bar line with repeat dots on the one hundred line.

i(ng)kang nora jakti: tanpa wijos <sup>9)</sup> idēpē wong ikoe menē.

Kalawan ingsoen anaksēni jan baginda Moehammad kawoelaning Allah kang sinihan, ingoetoes agama islam; ija ikoe i(ng)kang tinoet dēning nabi wali moe'min kabēh.

ē Mitraningsoen! karana satoehoenē <sup>10)</sup> lapal „nora” ikoe: 5  
nora malih angorakena satochoening Allah pangēran, nora malih angorakena pangē(ra)n sija sija — tegesing sija sija  
4 ikoe kadi ta ana|pēken <sup>11)</sup> barang kakasihē: nora malih.  
Jan mo(ng)konoa salah toenggal dēn orakena koepoer oega  
wong ikoe menē. 10

Kēwala <sup>12)</sup> si lapal „nora” ikoe: sikeping wong kang sinoeng wasil <sup>13)</sup> paningalē kang antoek pastining iman sakadarē ika. Kēwala lapal „nora” ikoe: i(ng)kang andelingaken mahasoetjining pangēran jan toenggal tanpa *kufu'* <sup>14)</sup>: ikoe siptanē kang andoewēni sabda ikoe. 15

Lan norana papaḍaning Allah pangēran. ē Mitraningsoen! Sang siptanē lapal kang ingorakaken ikoe ija i(ng)kang orana pisan papaḍaning Allah pangēran. Tegesing sang sipta ikoe: dēning mantep ananira oega kang andelingaken ing mahasoetjinira ing piambekira, mapan orana kang ljan 20  
saking Allah pangēran. Kaja apa ta idēpē wong ikoe menē: jan anaha papaḍaning pangēran, doek sadoeroengē angoetjap: 5  
„orana pangēran” ikoe, | woes pasti ing idēpē jan anging Allah pangēran kang sabenerē, kang sinembah kang pinoedji kang toenggal andadēken <sup>a)</sup> satoehoenē kang agoeng. 25

Mangka a(na)bda Shaich alBari: ē Mitraningsoen! karana i(ng)kang napi ikoe sawoesing itbat, karana, doek angoetjap: „orana pangēran” ikoe, woes awit itbat: „anging Allah oega pangēran kang sabenerē”. Ikie salametē oedjar ikoe. 30

Anapon kaping <sup>b)</sup> kalih, kang ingitbataken i(ng)kang anama Allah kang asifat sadja poerba langge(ng) kekel agoeng mahasoetji: ikoe wijos ing napi-itbat. Oetawi <sup>15)</sup> pastining napi-itbat ikoe loenggoehē ing kawoela oega. Kang ingitbataken ta kahananing Allah oega kang asifat sadja, 35

a) MS. anjd<sup>o</sup>.

b) MS. kaping kaping.

mapan saos kang inganakaken lan kang ingorakaken ...  
 ikoe sang sipta — tan ljan ananira oega, kang ande-  
 6 lingaken maha|soetjining piambekira, kēwa(la) si pangēstoe-  
 ning <sup>16)</sup> kawoela ikoe anoet oemiring saking pangakening  
*wah'dahu lā sharīka lakira* anakseni ing toenggal ing 5  
 katoenggalaning mahasoetjini(ng) piambekira.

Mangka anabda Shaich alBari: ē Mitraningsoen! karena  
 satoehoenē ingsoen anakseni: anging Allah pangēran kang  
 sabenerē kang anitah angrēh ing sembah poedji kabēh dadi  
 sjoeh sirna paningalingsoen ing djiwaraga <sup>17)</sup> iki; toewi si 10  
 ing sembah poedji ika, anging kang sadja mahasoetji kēwala  
 langgeng amoedji pinoedji ing pamoedjinira, tan owah tan  
 gingsir, tan asifat waliwali <sup>18)</sup> sadja poerba tanpa wiwitan  
 tanpa wekasan.

## II.

ē Mitraningsoen! adja sira kadi oedjaring wong sasar: 15  
 iki si oedjaring wong sasar ikoe, 'Abdoe 'lwahid <sup>1)</sup> aranē:  
 mangka angoetjap 'Abdoe 'lwahid ibn Makkijjah <sup>2)</sup>  
 — anak panđita Mekah — ika, atoenggoel sastra <sup>2)</sup> tan  
 7 a|patoet <sup>b)</sup> kalawan tegesē: iki si lapaē:

„Al'aṭlu <sup>3)</sup> qadīmun wa huwa nafsu 'l mutlaqi wa huwa 20  
*dhātu 'llāhi tu'ālā.*

Tegesē: kang liwoeng sadja ikoe, ija ikoe *dhātu 'llāh*,  
 sabener-benerē pangēran kang sinembah.

*walākin laisa lidhātihī wāqifun*, <sup>4)</sup>

tatapi ta napining Allah liwoenging Allah ikoe nora (wikan) 25  
 jan soewoenga.

*walākin(na) qabla chalqi ('l)rasūli Muḥammad(in)*,

tatapi ta sadoeroenging andadēken <sup>b)</sup> nabi Moehammad an-  
 ging sira pangēran kang ana dēwēk tanpa rowang, norana  
 kawoela sawidjia, kadi ta angganing <sup>5)</sup> soengging <sup>6)</sup> sadoe- 30  
 roenging andadēken, panoeli(s) sadoeroenging anoelis: ija

a) MS. ibni Makijah.

b) MS. apaet.

c) MS. anjd<sup>o</sup>.

ikoe tegesing liwoeng napi <sup>7)</sup> *dhātu 'llāh* nora ing dēwēkē, <sup>8)</sup> norana i(ng)kang angawikanana <sup>9)</sup> ing dēwēkira, norana (ingkang) amoedjia ing ananē anging sifatē amoedji ing 8 datē — ikoe sadoeroeng(ing) andadēken *ra|sūlu 'llāh* — norana sakoetoenira nora kaja apa: kaja ikoe liwoeng napi *dhātu* 5 *'llāh*. Anapon sawoesing andadēken *rasūlu 'llāh* ikoe mina(ng)ka kanjataan ing *dhātu 'llāh*, ija *rasūlu 'llāh* ikoe saosik lawan *dhātu 'llāh* ija ikoe i(ng)kang awertaha pardana <sup>10)</sup> kabēh ija i(ng)kang pardana ikoe saosik lawan 10 sih noegrahaning Allah ija sakaṭahing doemadi iki mina(ngka) 10 toedoehing Allah”.

Mangka anabda Shaich alBari: ē Mitraningsoen! pamanggingsoen ta nora mongkono kaja 'Abdoelwahid ikoe. Karana satoehoenē pangoetjapē 'Abdoelwahid ikoe koepoer ing patang *madh'hab* <sup>a)</sup>. *Dhātu 'llāh* dēnarani napi 15 nora ing dēwēkē, kalawan sira pangēran dēn arani doeroeng andadēken ing *rasūlu 'llāh*, doeroeng andadēken ing sawidji widji: ikoe koepoerē. Karana satoehoenē kahananing 9 pangēran sadja poerba | karihin sadoeroeng ana(ning) *rasūlu 'llāh* kalawan sadoeroeng ananing sawidji widji 20 kahananing Allah mahasoetji lan sasifatira *chāliq*, ananira sadja langgeng amoedji pinoedji ing piambekira poerba tan asipāt waliwa(li) <sup>11)</sup>, mapan langgeng kekel ananira mahasoetji, tan bastoe-djisim tanpa timbangan, <sup>b)</sup> <sup>12)</sup> tanpa lalawanan rēhing langgeng ananira mahasoetji. 25

Mangka anabda Shaich alBari: ē mitraningsoen! 'Abdoelwahid angoetjap: kang liwoeng dēn tegesaken maring ora: ikoepon koepoer, karana tegesing liwoeng ikoe soeksmaning pangēran mahasoetji sadja ananira, tan ana wikana ing soeksmanira tan ljan piambekira oega — 30 poenika rekē <sup>13)</sup> tegesi(ng)kang liwoeng sadja wroeh ing soeksmanira piambek.

Kadi ta ketjaping 'Abdoelwahid sakaṭahing doemadi dēnarani toedoehing Allah: ikoepon koepoer. Satoehoenē 10 tegesing toedoeh ikoe *ci|fātu 'llāh*, oetawi anoedoehaken 35 ikoe sifat noegrahaning Allah: ikoe ana koroep ing paṭkan <sup>14)</sup>

a) MS. madahab.

b) MS. timbalan.

toedoech lan anoedoechaken ikoe dadi ingaran salwiring doemadi iki tilas kanjatahaning toedoech sipat noegrahaning Allah ika tan ana i(ng)kang akarja.

## III.

ē Mitraningsoen! ana si ketjaping wong sasar satengah: „i(ng)kang ana ikoe Allah; i(ng)kang ora ikoe Allah”, dēn 5 tegesaken oraning Allah ikoe nora andadēken. I(ng)kang angoetjap ikoe kapir. Kang nora dēnarani ana gawēnē, dēn tegesaken: kang ora ikoe andelingaken mahasoetjining pangēran, nora doemeling mahasoetjining pangēran ikoe. Jan tan anaha, nora karanē doemeling mahasoetjining pangēran ikoe dēning ora, kadi ta angganing wong alinggih 10 dēwēk ing asepi kēderan dēning ora. Ikoe njata(nē) jēn sasar <sup>1</sup>).| — Mahasoetji sira pangēran saki(ng) kadia ketjap ikoe <sup>2</sup>)! — Karana satoehoenē sira pangēran kang mahatinggi kang mahaloehoer soeksma mahasoetji tan kaḍihinan 15 dēning ora, tan sarta kalawan ora, tan kēderan dēning ora rēhing langgeng ananira mahasoetji paṣṭinē tanpa toedoechan.

ē Mitraningsoen! mboja kang ora ikoe — kadia wirasaning sastra — kadia sipating pangēran *ṣifātu 'Isalbi* <sup>3</sup>), tegesē: sifating pangēran mahasoetji tan kadi sawidji widji. 20

Anapon lam(pahing) salab ikoe: doedoe malih sifating pangēran doedoe malih sifating *machtūg* <sup>4</sup>), kēwala si salab ikoe tantan andelingaken padoedoning kawoela goesti, tegesē: sifating pangēran tan kadi sifating *machtūg*, sifating *machtūg* tan kadi sifating pangēran, tatapi ta salab ikoe nora jan ang- 25 12 emaha dat, dat sipating pangēran sami angema sala]b, bēda salab ikoe lan kang ora ikoe — kang tan kinarsaken dēning pangēran — dadi nora andelingaken mahasoetjining pangēran: ikoe pamanggihingsoen ing sastra. Oetawi i(ng)kang andelingaken mahasoetjining pangēran ikoe sarira <sup>5</sup>) kanoe-grahan saking sih noegrahaning pangēran oega: ikoe kang angēstoken anoet oemiring saking [sih <sup>6</sup>)] pangakenira andelingaken mahasoetjinira <sup>a</sup>) jan toenggal tan kakalih. Ikoe wijosing anaksēni ika, mapan sabdaning wong 'ārif ika nora angoeninga napi itbat malih anging wijosē kēwala kang ingit- 35

a) MS. ning ra.

bataken: ija kadi ikoe wijosē sampoernaning napi itbat ikoe dēning sampoen anoenggal paningalē.

Mangka anabda Shaich alBarī — kang sinoeng rahmat dēning pangēran <sup>7)</sup>; singgih poenikoe kang atoedoech marga agoeng abener —: ē Mitrani(ng)soen! kalawan ingsoen  
 13 anaksēni satoehoēnē anging Allah kang asifat sadja asih andjatēni <sup>8)</sup> tan antara sapolahi(ng)kang sinihan, amenoehi sih noegrahanira dadi nīr anani(ng)kang sinihan tan sah anoet i(ng)gek <sup>9)</sup> ing sihing *dhātu 'llāh*. Ikoē wijosing panarimani(ng)kang lewih lewih ika, karana rekē jan tan mang-  
 10 kanaha, wijosē idēpē wong ikoe nispra <sup>10)</sup> toer adnjana, tan wroeh ing wadinē.

Mangka matoer Ridjal <sup>11)</sup> ing Shaich alBarī: Sarwia soebakti, ja goeroe amba! anenggēh <sup>11)</sup> ta rekē osiking djiwaraga poeniki sarta lan sih noegrahaning pangēran? 15

Mangka aketjap Shaich alBarī: ē Ridjal! ija oedjarira ikoe anging maksih amilang paēkan <sup>12)</sup>, ingsoen ta, Ridjal, ora mongkono. Osiking djiwaraga ikoe enir, anging *dhātu 'llāh* kēwala kang angandeh <sup>13)</sup> anirmaken anani(ng)kang sinihan ika, mapan ta rekē panarimani(ng)kang lewih  
 14 lewih ikoe saos(s)aosing *martabat*ing pamanggih: kang pinanggih| ananira kang toenggal tanpa *kufu'*, kang asifat sadja (mahasoetji) sasifatira apaēkan kadi *asmā'nira* sangangpoeloeh [sa]sanga[ng] djangkep dateng nama Allah. Tegesē (sangangpoeloeh) [sa]sanganing toenggal tegesē paē-  
 25 kaning sasifatira tan ljaning ananira oega <sup>14)</sup>.

Mangka matoer Ridjal: sarwia soebakti, anochoen i(ng) djeng, ja goeroe amba, Shaich alBarī! Kadi poenendi ing tanpa tegesing *dālī'*: „tekanē saking Allah oelihe maring Allah <sup>15)</sup>”? 30

Ma(ng)ka anabda Shaich alBarī: ē Ridjal! tegesē: poedji saking Allah (kang) pinoedjēken anging <sup>a)</sup> Allah, tegesē: paningal saking Allah kang tiningalan anging Allah. Ikoē salametē. ē Ridjal! oedjaringsoen ta: tekanē saking  
 35 tan ljan, oelihe maring tan ljan.

Mangka matoer Ridjal: ja goeroe amba! kadi poenendi siptanē andika toewan poenikoe?

a) MS. ija ing.

(Mangka aketjap Shaich alBari:) ē Ridjal! Tegesē  
oedjaringsoen ikoe sang sipta kadi ta oepamaning angilo  
ananē osikē tingalē wawa|jangan <sup>16</sup>) ika kang angilo oega:  
15 ikoe tegesing „saking” ika. Anapon tegesi(ng) „tan ljan”:  
kang angilo andoeloe dinoeloe tan ljan pandoeleenira oega. 5  
Ikoe wijosē oedjaringsoen ikoe.

Mangka anabda Shaich alBari: ē Mitraningsoen! Kadi  
ta oedjaring Shaich ‘Abdoelwahid: „sira pangēran  
dēnarani dērēng andadēken ing sawidji widji lan doeroeng  
andjatēni ing *rasūlu ‘llāh*”, pangoetjapē Shaich ‘Abdoe 10  
‘lwahid ikoe koepoer. Kadi apa ta sira pangēran andadēken  
ikoe awiwitana awekasana? Karana satoehoēnē kahananing  
pangēran kang mahaloehoer asifat sadja agoeng mahasoetji  
langgeng kekel andadēken andjatēni poerba *qadīm* tan  
asifat waliwali tan owah tan gingsir tanpa wiwitan tanpa 15  
wekasana rēhing <sup>a)</sup> langgeng ananira mahasoetji.

Mangka anabda Shaich alBari: ē Mitraning|soen! Lan  
16 ingsoen anaksēni kahananing *Allāhu ta‘ālā* asifat sadja asih  
andjatēni anir(n)aken a(ng)gantēni ing sasolahing sarira kanoegrahan  
dadi enir ananing sarira kanoegrahan kagantēn 20  
kalingan <sup>17</sup>) ananē dēning wiboehing sih, kahanani(ng)-  
kang andjatēni kēwala kang angalingi anging ananira oega  
kang asifat sadja oerip wroeh kawasa aningali amiarsa akarsa  
anabda poerba mahasoetji langgeng kekel ame(ng)ka <sup>18</sup>) tan  
owah tan gingsir amoedji pinoedji asih sinihan ing piambekira. 25  
ē Mitrani(ng)soen! Iki si lapalē:

*shahidtu nafsi,*

tegesē: sira pangēran anaksēni ing mahasoetjining piambekira  
agoengaken i(ng) sifat kahananira poerba ing dēwēkira  
toenggal ing katoenggalanira agoeng ing kagoenganira ratoe 30  
ing karatonira langgeng amoedji pinoedji i(ng) piambekira.

Mangka anabda Shaich alBari: | ē Mitraningsoen!  
17 Ikoe sampoernaning anaksēni i(ng)kang kapeta ing *shahādat*  
ika, ikoe wijosi(ng)kang winoewoes akēh akēh ika.

#### IV.

Mangka matoer Ridjal: sarwia soebakti, ja goeroe amba! 35

a) MS. rēnghing.

Kadi poenendi wirasaning sastra poenika: *mas'alah 'ishq 'āshiq ma'shūq?* <sup>a)</sup>

Mangka anabda Shaich alBari: ē Ridjal! Tegesing 'ishq ikoe sifatira, tegesing 'āshiq ikoe ananira, tegesing *ma'shūq* ikoe *af'āl* ira, mapan paëkaning sasifatira tan ljaning ananira, mapan sasifatira sarta andadëken <sup>b)</sup> tan anântara-nira anani(ng)kang agawē lan kang ginawē, tan ana kari karochoen, tegesē: tansah ing karsa <sup>c)</sup> parekipoen kadi sarta nira andadëken *chāliqū 'lmachtūq kun fa jakun*, ikoe tegesing sarta kang agawē kalawan kang ginawē, mapan sadoeroeng inganaken ananingkang djinatën lan anani(ng) kabëh iki, oewoes pasti ing kawroehira tekani(ng) waktoenē dadi ing | mangko, iki tan siwah ing karsanira.

ē Ridjal! ingsoen ta mēngkēnē: kang *'ishq-dhātu 'llāh*, kang *'āshiq-dhātu 'llāh*, (kang) *ma'shūq-dhātu 'llāh* <sup>1)</sup>.

Mangka matoer Ridjal: ja goeroe amba! Kadi poenapa sang sipta andika toewan poenikoe?

Ma(ng)ka aketjap Shaich alBari: ē Ridjal! tegesē oedjaringsoen ikoe *'ishq-dhātu' llāh*: birahi ing ananira, tegesing *'āshiq-dhātu' llāh*: kang binirahëken ananira, tegesing *ma'shūq-dhātu' llāh*: kang birahi tan ljaning ananira oega. Ika ta ingidëp dëning tan amarna paëkan malih. Iko salametē, nora kaja oedjaring wong sasar mangkana ketjapē: tegesing *'ishq* ikoe doek doeroeng birahi, tegesing *'āshiq* doek lagi birahi, tegesing *ma'shūq* ambirahëken ikoe <sup>2)</sup> *ija rūh iqāfī* ikoe *ma'shūq* ing *af'ālu 'llāh*. Kang angoetjap ikoe koepoer!

## V.

An: wong sasar malih angoetjap: ija namanē ija karsanē, ija namanē ija datē, ija dat(ē) ija karsanē. Iko amor ing paëkan, tan wroeh ing panoenggalē: ikoe karanē (jën) sasar.

Mangka anabda Shaich alBari: ē Mitranningsoen! Ana ketjaping wong sasar malih, Kawibatanija <sup>1)</sup> aranē,

a) MS. masalah ngiski ngasëk mangasoek.

b) MS. anjd°.

c) MS. sëngkarsa.

atoe(ng)goel sastra, anging tan apatoet lan tegesē, tan apatoet lawan boedi, miwah ing *Uçul Sulūk*, kadi ta ing *Tamhīd*, ing *Ih'jā' 'ulūm aldīn* norana kapanggih dēningsoen — ikoe njatanē jēn sasar! — kadi angroepakaken sifating pangēran <sup>2)</sup>, kadi angapesaken sifating pangēran, kadi aketjap: sakatahing doemadi iki sifating Allah, kadi anganakaken ingkang nora, kadi *ama'dūm*aken ing Allah — ikoe koepoer! —; aketjap: endi sifating Allah? — kang angoetjap ikoe dadi kapir.

Tegesē angapesaken i(ng) sifating pangēran: sifating pangēran ora matēni ora andadēken ora andjatēni ora wēh 10 ridjeki — pasti kang | angoetjap ikoe dadi kapir dēning anganakaken ingkang ora. Tegesē [ikoe] *ama'dūm*aken ing pangēran angoetjap: *Allāhu ta'ālā* ora ing dēwēkē, *ma'dū(n) binafsihī* — kang angoetjap ikoe dadi kapir. 15

Ma(ng)ka matoer Ridjal: ja goeroe amba! Kadi poenendi poenikoe, dadia kapira poen temen poenikoe i(ng)kang aketjap mangkaten poenika?

Mangka aketjap Shaich alBari: ē Ridjal! Kang angoetjap ikoe kapir temen — *Allāhu ta'ālā* dēnarani ora andadēken lan angapesaken sifating pangēran, lan amoerbaken ingkang ora, lan amor paēkaning sifating pangēran: mapan narakanē kang angoetjap ikoe awēt <sup>3)</sup> kapetekanēng dāsaring narakani(ng) wong kapir. 20

Toewin antepē kawroehē wong mongkono ikoe: paningal(ē) 25 iki paningaling Allah, sifātē iki sifating <sup>2)</sup> Allah, pakarjanē iki pakarjaning Allah, pangoetjapē iki pangoetjapi(ng) Allah, — mapan tegesing Allah ikoe dat —, mangkana malih: osiking djiwaraga iki osiking Allah ija ikoe traping Allah asoeng ēling asoeng awas ka'di ta oe(pa)mani(ng) gelepoeng 30 wos (s)atoe(ng)gal ketan satoe(ng)gal, mangka winor: esak poenapa ta jan aranana ewos. ē Ridjal! ika njatanē jēn sasar, mapan bēda ikoe lawan andikaning pangēran ing dalem *Qur'an*:

„maradja 'lbal'raini jaltakijān(i) hainalummā barzachun lā jabghijān(i)“ 35

a) MS. sapating.

- Tegesē: kadi patemoning sagara kalih asin lawan tawa, anta <sup>4)</sup> aranē ikoe, aworenēng rana. Njatanē tegesē: ora kena <sup>5)</sup> aranana sagara, tan kena aranana toja tawa, oetawi ta i(ng) djenengē ikoe anta, tegesē ikoe dēning linewih saking toja kabēh dadi anarima namaning <sup>6)</sup>sisihing sagara <sup>6)</sup>. 5
- 22 Anapon ing sampoernanē ikoe ta tan ana | panarimanē, anging sagara kēwala kang angandeh anir(n)aken ing tojanē tawa, mapan i(ng) karonē ikoe langgeng apadoedon tanpanisih kang andjatēni lan kang djinatēn. Nora kaja patemoning wong sasar mangkana, kang pasti kekel sasoring 10 narakani(ng) wong kapir ndēning kataksisaning tampanē <sup>7)</sup>. Karana satoehoenē sasmitanē ikoe sampoen kataksisani(ng) tampanē andēandēnē kalawan kang ingandēkanđēkaken <sup>8)</sup> dēn kagrahita dēnē kang sinoeng awas, katampanana ing ati, sampoen ing *lisān* kēwala. Kēwala si andēandē ikoe 15 ingambil raket ing paningali(ng)kang sinihan. — Mahasoetji sasipating Allah saking atiti(m)bangana lan kawoworana, kadi lapal:

*kamā 'lnāsu ghāra fī 'lba'kri,*

tegesē: kadi ta wong asilem i(ng) sagara 20

\*\*\*\* b)

- 23 tegesē: kalipoetan <sup>9)</sup> dēning sa|gara,

\*\*\* c) 1<sup>0</sup>)

tegesē: tan loemiring i(ng) kalihē malih,

*lā jaltafit* <sup>d)</sup>

tegesē: tan ēmoet; oetawi sasmitanē lapal malih: 25

*idhā djā'a 'lmalāru e) fī 'lba'kri* <sup>11)</sup>,

tegesē: tatkala teka oedan ikoe ing sagara,

[*wa*] *jusammā 'lba'kra* <sup>f)</sup>

tegesē: ingaranan sagara. 30

Oetawi sasmitanē lapal malih, kadi ta ketjaping pandita satengah:

*fa waqtan jakūnu ('l'abdu rabban* <sup>8)</sup>,

a) MS. mamanan.

c) MS. amninihasimali.

e) MS. dja'ak al matri.

g) MS. jakoena....

b) MS. mochinatoelajahtakbiroe.

d) MS. la jattafit.

f) MS. 'mi 'lbahri.

(tegesē:) tatkalaning *fanā* kawoela ikoe awijos sira pangeran,

*bi lā shakkīn,*

tegesē: sampoen sak malih,

(*lā 'abda*)

tegesē: norana kawoela sawidjiwidjia

*illā 'rabbu a)*

tegesē: anging sira pangēran kang sadja angandeh anir(n)aken anani(ng)kang sinihan. 'Icoe salametē oedjar ikoe kabēh.

## VI.

Mangka aketjap Shaich al Bari: ē Ridjal! Ana oedjaring wong sasar malih, Karammijah b) 1) aranē: kang *īmān taḥkīd ma'rifat* ikoe dēn arani tetep ing pangēran, dēn 24 karepaken 2) dēnē wong | sasar ikoe: sira pangēran anegoehaken ing piambekira jēn poerba tanpa *kufu'* c) 3) — ikoe tege- 15 sing iman —, sira pangēran anoe(ng)gal paningaling piambekira — ikoe tegesing tohid —, sira pangēran awas andoeloe dinoeloe ing ananing piambekira — ikoe tegesing ma'rifat.

ē Ridjal! Koepoerē ikoe; iman tohid ma'rifat ikoe dēn tegesaken maring paēkaning *wudjūd* d) toenggal: ikoe 20 karanē (jēn) sasar.

Karana satoehoenē iman tohid ma'rifat [ikoe] titiga ikoe martabat loenggoehē ing kawoela, tetep i(ng) kang sinihan, dēdē iman tohid ma'rifat ing *Allāhu ta'ālā*. Doedoe 4) i(ng) kang angoetjap ikoe — iman tohid ma'rifat tetep ing pan- 25 gēran —, kang angoetjap ikoe dadi kapid!

ē Mitranningsoen! Kalawan sira adja angoetjap kadi pang- goetjaping wong sasar ika, manawa sira dadi kapid, mapan akaṭah angoetjap kadi anoetoer oedjaring wong sasar ikoe, 25 sami atoenggoel sastra. Adja e) sira goema|wok, sampoen 30 gingsir idēpira; balikan sira dēn awas angawikani ing awakira lan adja pegat *mushāhadahira* 5) ing pangēran.

a) MS. rabban.

c) MS. koetoe.

e) MS. ajja = O. J. haywa.

b) MS. Karammijah.

d) MS. oedjoed.

Tegesing awakira ikoe sarira kancegrahan : singgih poenikoe  
 mina(ng)ka paésanira enggēnira awas ing sih noegra(ha)-  
 ning pangēran. Jē(n) tansah anoegrhani asoeng wroeh,  
 andjatēni ing sarira kanoegrhan, mapan solahing sarira  
 kanoegrhan ikoe tan antara lan sih noegrhaningkang 5  
 andjatēni; dadi sira adja toemingal ing ljan, toemingala sira  
 ing sih noegrhaning *Allāhu ta'ālā* oega, dadi sira antoek  
 mad-janing tingal salamet sira ing doenja dateng ing ahērat,  
 — antoek sira djenenging manoesja. Lamon oegi sira nora  
 mongkonoa ing tingkahira iki, jakti kapaoeng tingalira ikoe 10  
 menē. Satoehoenē ananing pangēran kang asifat sadja lang-  
 geng mahasoetji tan ljan ananira oega, kang tan bastoe-  
 djsim ananira kang poerba andadēken kang asifat soeksma  
 26 djaliti tan anoeksma tan sinoeksma tan awor lan salwiring  
 (doe)madi kabēh, rēhing langge(ng) anani(ng)kang poerba, 15  
 mapan ananira mahasoetji soeksmanira wiboeh sampoerna  
 elok mahamoelja mahatinggi mahaloehoer, oetawi ananira  
 tan ana wikana ing soeksmanira tan ljan(ing) piambekira  
 kang wikan ing soeksmanira pribadi.

## VII.

ē Mitraningsoen! Lamon ana wong angoetjapa mēngkēnē, 20  
 kapid: sifat ikoe ana ing dat, *asmā'* ikoe ana ing dēwēkē  
 — ikoe pon koepoer! Mēngkēnē salametē: *asmā'* ning dat  
 tan ljaning ananira [ananira] kang asifat sadja langgeng  
 mahasoetji, kang poerba andoeloe dinoeloe ing ananira, kang  
 mahasoetji amoedji pinoedji ing piambekira. 25

ē Mitraningsoen! Lamoen ana wong angoetjapa mēngkēnē:  
 „sipat sipat, edat edat” ikoepon kapid, apa ta 1) kahanan  
 roro ikoe jan mongkonoa. Satoehoenē mēngkēnē salametē:  
 27 paēkani(ng) sasifatira tan ljaning ananira.

ē Ridjal, mitraningsoen! Ana oedjaring wong sasar 30  
 \*Moetangijah aranē 2), aketjap: Apa tegesē idēpē ikoe  
 dēnarani ora kapoerba: *Allāhu ta'ālā* nora amoerba, mapan  
 djenenging kawoela iki ora, apa ta poerbanē, mapan mantep  
 pandelengē: *Allāhu ta'ālā* nora amoerba, mantep amoedji

pinoedji ing dĕwĕkĕ, apa ta karanĕ jĕn amoerbaha? Kang  
angoetjap ikoe dadi kapir.

ĕ Mitraningsoen! Kalawan ta kang orana ararahahĕ <sup>3)</sup>,  
kang orana kadjatinĕ kang tan awarna kang tan kaja apa  
ndĕn arani mahasoetji poerba andadĕken ija kang sinembah <sup>5</sup>  
toenggal. Ikoe panga(ng)geping wong sasar, \*Moenta-  
nĕngijah arantĕ.

Oetawi ana wong sasar sawidji, 'Arabijah <sup>4)</sup> aranĕ,  
aketjap: sadoeroenging ana djagat iki kabĕh nama Allah pon <sup>2)</sup> <sup>10</sup>  
dĕrĕng njata lan dĕrĕng ana ikoe dat; mangkana malih dat  
<sup>28</sup> ilkoe anjatakaken ing *asmā'* nira sarta lan dadinĕ djagat iki  
kabĕh, ingoepamakaken dat ikoe kadiangganing widji  
sawidji <sup>5)</sup> awit agoḍong akembang awoh ikoe sami amoedji  
ing wit, lintang *nĕmatĕ* rasanĕ manisĕ goḍong sekar woh <sup>15</sup>  
ikoe. Singgih poetikoe rahasja kabĕh rahasjaning wit, norana  
rahasja wawanĕh; kabĕh ikoe rahasjaning wit: (ija ikoe  
tegesiug dat *samata* <sup>6)</sup> ika tanpa sifat tanpa *af'āl* <sup>b)</sup>.  
Tegesĕ ikoe: datĕ *qadim*, *sifatĕ af'ālĕ muh'dath*, anging dat  
kĕwala kang ana dĕwĕk tanpa rowang. Mangkana malih <sup>20</sup>  
kahananĕ djagat iki kabĕh rahasjaning *dhĕrtu 'llāh*, mapan  
poedjining kabĕh iki ija amoedji ing dĕwĕkĕra ikoe. Teges-  
i(ng)kang amoedji ing datĕ kang pinoedji ing datĕ kang  
aningali Allah. Tegesĕ djagat iki kabĕh gelaring widji  
sawidji, maksih sawidji, tan ana wawanĕh, kadi <sup>c)</sup> ta ang- <sup>25</sup>  
<sup>29</sup> gani(ng) wesi bari|oeh <sup>7)</sup> sawidji, wonten dadi toembak, dadi  
ḍoehoeng <sup>8)</sup> tatah wadoeng panjoekoer, dadi oesoer tjatjatoet  
edom kadoet <sup>9)</sup>, lineboer pinaloe dadi tosan malih: dĕnĕ si  
asalĕ <sup>d)</sup> saking wesi sawidji moelih kadjatinĕ <sup>10)</sup> sawidji.  
Mangkana malih osiking djiwaraga iki osiking *dhātu 'llāh* <sup>30</sup>  
paningaling kawoela iki rahasjaning *dhātu 'llāh*. Kang ang-  
oetjap ikoe pasti kinkelakĕn sasoring narakaning (wong)  
kapir kang anembah ing brahala ika.

Mangka anabda Shaich alBari: ĕ Mitraningsoen! Ana  
si sabda kang kotjap ing sastra ika kadi ta andikaning *dalīl* <sup>35</sup>  
ḍateng ing *h'adith* <sup>9)</sup>:

a) MS. pan.

b) MS. tanpa edat, tanpa sipat.

c) MS. kandi.

d) MS. angsalĕ.

e) MS. adis.

Anapon mamanising a) lapa ikoe: kawroehana djeroning lapa ikoe tansah angrasani *ni'mat* saking sih noegrahaning Allah. Ikoe wijosing lapa ika (2).

Anapon mamanising agesang ikoe: kawroehana djeroning oeripira ikoe tansah loemampah ing pakëning sabda poerba- 5 wisësaning pangëran. Ikoe wijosing aoerip ika (3).

Anapon mamanising aramë (ikoe): kawroehana djero(ning) ramë ikoe jan sati(ng)kah-polah ikoe minangka pangi(n)- 32 tipanira dadi katingalan sih noegrahaning pangëran kē|wala. Ikoe wijosing aramë ika (4). 10

Anapon mamanising alara (ikoe): kawroehana djeroning alara ikoe angrasani b) pakënakë ikoe, ing enengë ing osikë ing pangaðoehë ing pangesahë, ikoe mina(ng)ka pamoedjinë. e Ridjal! Jën 2) sira wroeha ing awakira ikoe, jën tansah angrasani *ni'mat* saking sih noegrahanira c) sadoem parën- 15 tahira 3), mapan tan antara kang amolah lawan kang pinolah! Ikoe wijosing lara ika (5).

Anapon mamanising pati ikoe: kawroehana djeroning pati ikoe jë(n) tansah djinatën ing sih tan sinoeng moelat i(ng)kang ljan malih, dadi nir patinë kandeh kagantën — 20 kalingan ananë dëning wiboehing sih, [ing] anani(ng)kang sadja asih andjatëni kēwala tan ljan anani(ng)kang sadja agesang langgeng amoedji pinoedji andoeloe dinoeloe ing pandoeleolera. Ikoe wijosing pati ika (6).

Lamon oegi nora mo(ng)konoa, i(ng)kang atapa ikoe | 25 33 tingalë saparti *h'ajwān* d), tingalë *s'ākirë bātinë* wong ikoe sato oega!

ë Mitraningsoen! Mapan kang sinoeng wikan ikoe wasil paningalë ing pangëran, tan ana patinë, salamet ing doenja, oerip ing d) ahërat. Kang nem parkara ikoe ta poma e) dën 30 sami kalampahan dënira dën sami katjep kabëh.

## IX.

Ma(ng)ka matoer Ridjal: ja goeroe amba! Poenapa ta poenikoe lampahing wong lewih? 35

a) MS. wijosing.

b) MS. ing lara.

c) MS. ning ra.

d) MS. hëwan.

e) MS. oering ping.

f) MS. soma.

- Mangka anabda Shaich alBari: ē Ridjal! (Lam)pahing wong lewih ikoe kabēh jēn ta sira wikana, mangkana <sup>a)</sup> loepoeta ing paningalira ikoe kabēh, mapan sakatahi(ng)kang karasa i(ng)kang tiningalan miwah ing osikē djiwaraganira ikoe kabēh, ing enengē, ing doeka-tjipta nastapanē <sup>1)</sup> kabēh <sup>5</sup> ikoe doedoe lan dēwēkē saparti baṅang loemampah <sup>2)</sup>; anging loemampah lan idining <sup>b)</sup> sih kaharsaning pangēran oegi.
- 34 Ika mina(ng)ka sapatemonira lan paṅgēran, mapan rekē osiking djiwaraganira ikoe sarta lan sih noe-grahaning Allah, tatapi osiking djiwaraga iki sarta lan *dhātu 'llāh*, tegesē: <sup>10</sup> tan agānti lan pangawasaning Allah. Anapon kawoela kang sinoeng sampoerna tingalē maring ananē djaga(t i)ki kabēh i(ng) roepanē ing solahē dadi keḍapē tingalē anging wijosing tingal ikoe: sira pangēran kēwala.
- ē Ridjal! Dē(n) wroeh sira ing ananē awakira iki, karanē <sup>15</sup> ing ananē <sup>c)</sup> ing patinē doek sira doeroeng dadi, adoewē paran <sup>3)</sup> sira samana, oetawi si ing tembē <sup>4)</sup> dēning maksih <sup>e)</sup> ina ing djenengira iki, tegesē dēning kalintang tanpa derbē <sup>e)</sup>. Oetawi aderbē paran sira samana, mapan ananira iki ing-oepamakaken kadiangganing wawajangan <sup>5)</sup>, kēwala si <sup>20</sup> dēning kinarsaken enggēning anoenggal (pa)ningalira i(ng)kang angilo pribadi, kang aningali tiningalan kang
- 35 asih sinihan tan ljan(ing) piḷambekira. Kēwala si pandoeloening kawoela iki pina(ng)ka tjihna pandoeloeni(ng)-kang asih [asih] sinihan ing dēwēkira dadi nir pandoeloe- <sup>25</sup> ni(ng)kang si(ni)han kawiboehan dēning sihira kang sadja aningali, kēwala si pandoeloening kawoela iki darma amalesi.
- Ma(ng)ka jan ana aketjapa mēngkēnē: kang angilo ikoe nora aningali wawajangan, — kang angoetjap ikoe dadi kapir. Kalawan ta sira adja <sup>f)</sup> gingsir lamoen dinēdēken <sup>30</sup> ing wong, dēn apageh idepira. Jēn malih sira gingsira, tan antoek pastining kawroeh kalawan iman. karana wong kang angloepoetaken ikoe ana kang olih marga abener ikoe, ana kang olih marga sasar. Anapon kang olih marga abener

a) MS. mangsana.

c) MS. inanē.

e) MS. derderbē.

b) MS. ingdining.

d) MS. makaksih.

f) MS. ajo = O. J. haywa.

ikoe: tingkahē wong ikoe arep paḍa paḍa nora malih  
 amēlag rarasān sad-janē <sup>6)</sup> amamarahi winarahwarahan, tan  
 ajoen dadosa patakēnan angilapaken <sup>7)</sup> agelisa mēngeti  
 36 ing salametē, tan ajoen agoengena ing awakē, |tan adjeng  
 angakena ing kabisanē, tan ajoen akarjakarja, tegesē: dēning 5  
 asanget awedi lan awirang ing pangēran: ikoe rekē tjihnaning  
 wong sinalametaken, sinoeng marga abener dēning pangēran,  
 ija ikoe kang sinoeng wasil paningalē antoek idēp tan pegat  
 sinalametaken ing doenja ḍateng ing ahērat.

Ānapon kang a(ng)loepoetaken a(n)toek marga sasar ikoe, 10  
 angilapaken tan asad-ja amamarahi amalakoe ing idēp(ē),  
 agoengaken ing kabisanē ajoen ing hormataning wong  
 kalingan dēnē awakē dēning agoengaken ing kabisanē.  
 Oetawi tingkahē wong kang mongkono ikoe pantjanetra  
 sawadianē <sup>8)</sup> oliha ing karsanē dēnē si i(ng) sad-janē arep 15  
 dadia pangooloe <sup>9)</sup> oetawi lampahē kabisanē arep kapiarsaha-  
 ndēning wong akēh adoewē 'ilmu saketjap agepeh dēn  
 wedjangaken aboengah aboeroe alemaleman. Ikoe rekē  
 37 tjihna|ning wong sinoengan *djasā'* <sup>a)</sup> dēning pangēran tan  
 pegat soesahē aroebiroe, tan ētja atinē dēning awēt amēt 20  
 gingsiraning wong dēnē si arep kasihana ndēnē sama-  
 sanē <sup>10)</sup> *machtūq*. Ikoe lah kang kinaomaken lan *Iblīs* —  
*la'natu 'llāh*. —

ē Mitraningsoen! Sira kabēh adoha sira saking wong  
 sasar lampahē kang mo(ng)kono ikoe, manawa sira katoe- 25  
 laran sasar; balikan sira anedaha sakaoma kalawan kang  
 sinihan ika, i(ng)kang tansah ing sihing pangēran, anedaha  
 sira sing patoeloenging <sup>11)</sup> pangēran.

ē Mitraningsoen! Kalawan ta sira adja nga(m)bil dēdēning 30  
 wong, oetawi adja sira *murtadd* ing samitranira kang asih  
 ing sira. Koepoer hoekoemē! Tegesē asih ikoe amamarahi  
 kawroch kang sabenerē. Wenang <sup>12)</sup> mitra ikoe jan ti(ng)-  
 galena, jēn woes njata pangotjapē ikoe jēn sasar, selang  
 ikoe si adja sira moe(ng)kir pisan tedakena ing pangēran, sang- 35  
 38 ka[na]nē abalika| agelisa atobata ni(ng)kaha malih kalawan

a) MS. djadja.

rabinē. Ikoē salameṭē. Kalawan ta sira adja anjipta doenja, kalawan adja sira *murtadd* sami-saminira islam!

ē Mitraningsoen! ija kang kenēng sakawan parkara ikoe, kalintang kinagedegan<sup>13)</sup> dēning pangēran. Wong kang mo(ng)kono ikoe mesoem<sup>14)</sup> ing doenja dateng ing ahērat. 5

ē Mitraningsoen! Karana sira iki apapasihana sami saminira islam lan mitranira kang asih ing sira lan anjegaha sira ing *dalālah*<sup>a)</sup> lan *bid'ah*.

## X.

Mangka anabda Shaich alBari: (*Ru'jatu 'llāhi*) aroes tan aroes. 10

Mangka matoe(r) Ridjal: ja goeroe amba! Kadi poenendi tegesē andika toewan poenikoe?

(Mangka aketjap Shaich alBari: ē Ridjal! tegesing *ru'jat* ikoe: aningali ing pangēran, ing ahērat lan mata kapala, ing doenja lan mata ati. Nora aroes ing doenja 15 aningali ing pangēran ikoe lan mata kapala, kalawan aroes 39 ing tembē | aningali ing pangēran ikoe lan mata kapala. Tegesing mata kapala ikoe, pakoe(m)poelaning sakatahing paningal kalintang dēning sira pangēran asoeng *ru'mat* anampoernaken ing paningali(ng)kang sinihan. Ingoetjapaken 20 kang paningal ikoe kadiangganing paṭi ing oendakē ta lisah, kadi ta pisang mentah njaḍam mateng ing oendakē daloe, — kadi ta angganing sasi tanggal sapisan, ana kang kadi tanggal pi(ng) kalih, ana kang kadi tanggal pi(ng) tiga — ing oendakē ta kadi poernamasada<sup>1)</sup>. 25

Tegesē ikoe ta kabēh dēning saja moendak *martabatē* sinampoernaken tingalē dēning pangēran dadi tan sak tingalē ing dat-sifat-*af'alira*; mapan kang tiningalan *bilā tashbiḥ*, kang aningali pon *bilā tashbiḥ*.

Mangka matoer Ridjal: ja goeroe amba! Kadi poenendi 30 sa(ng) sipta andika toewan poenikoe?

Mangka anabda Shaich alBari: ē Ridjal! Siptanē ikoe 40 ta dēning djinatēn sinampoernaken tingalē dadi[ning] tingalē mantep kadi doek dērēng ana mangkana — ma(ng)kana

a) MS. walalat.

siptanē ikoe — anging ananē kang sadja anampoernaken  
kēwala, kang langgeng amoedji pinoedji ing piambekira.

Nora aroes ing ahērat aningalana ing Allah lan mata  
ati: ija ikoe salametē oedjaringsoen: „tan aroes” ika. ē  
Mitranningsoen! Bēda kadi ing *ishārataken* woelan ika kadi 5  
kang kotjap ing sastra: andikaning *ḥadīth* dateng wali  
moe'min kabēh:

*innakum satarawna a) rabbakum jawma 'lqijāmati kamā  
tarawna 'lqamara fi lailati 'lbadri b),*

(tegesē:) karana satoehoēnē sira kabēh aningali ing 10  
dina kijamat ika kadi ta sira aningali woelan ing wengining  
tanggal pi(ng) padbelas

*ammā ḍanīru 'lqamari 'llāhu munazzahun bilā kaifijjatin c),*

Anapon kang linamiraken 2) dateng ing sasi ikoe d) pang-  
ēran oega māhasoetji kang tiningalan tan kadia andeandē 15  
tan kataksisana. |

- 41 Mangka matoer Ridjal: ja goeroe amba! Kadi poenendi  
sasmitanē linamiraken dateng ing sasi poenikoe?

(Mangka aketjap Shaich alBari: ē Ridjal! Siptanē  
ikoe dēnē tan njatanira aningali ing pangēran dadi 20  
inga(m)bil sa(ng) siptaning sasi ika raket i(ng)kang tining-  
alan ing (kang) aningali ing pangēran mapan *bilā tashbīh*  
sasifatira, ing mangkin pon boja esak dēnira angawikani  
ing ananira tan bastoe djisim rēhing langgeng ananira  
mahasoetji. 25

Mangka anabda Shaich alBari: ē Ridjal! Nora kaja  
oedjaring wong sasar mangkana ora ketjapē: satoehoēnē  
kang tiningalan ing tembē kadi woelan ikoe nora maring  
kang tiningalan nora maring kang aningali ma(ng)ka kang  
angoetjap ikoe dadi kapid. — (*a'ūdhu bi'llāhi*) *minhā!* — 30

## XI.

Mang(ka) aketjap Shaich alBari — kang sinampoerna-

a) MS. satarēna.

b) MS. baddari.

c) MS. amallamiroelkamari illah mandjahoe billa kēfijah. — mandjahoe: mu-  
nazzahun (Prof. Snouck Hurgronje).

d) MS. sasi ikoe dateng ing.

kaken iman(ē) tohidē ma'rifatē dēning *Allāhu ta'ālā* — :  
 ē Mitranningsoen! Dēn sami awa(s) sira ing pangēranira, dēn  
 42 sami angēstokena, kala|wan sira anglaranana sarira — tege-  
 sing anglarani sarira ikoe: adja sira soekasoeka awakira —,  
 kalawan ta adja mamaēsi pangan(ira) panga(ng)gēnira 5  
 toeroenira ing doenja. Atinira adja<sup>a)</sup> maḍep ing ljan;  
 balikan sira asoekansoekanana akalangena lan pangēran.

Mangka matoer<sup>b)</sup> Ridjal: Sarwia soebakti, anoehoen ing  
 djeng, ja goeroe amba! Kadi poenendi kang iman singgih<sup>1)</sup> 10  
 dēdē poenikoe, i(ng)kang tohid singgih kabēh, kang ma'rifat  
 dēdē kabēh?

Mangka anabda Shaich alBari: ē Ridjal! Kang  
 iman singgih<sup>c)</sup> dēdē poenikoe dēning paningaling iman  
 ambēdakaken ingkang ala kalawan kang abetjik. — 15  
 Oetawi panggawē ala ndēn kawroehi jan tan kinatoedjon<sup>2)</sup>  
 dēning pangēran. — Ikie karaning siptaning iman sing-  
 gih dēdē.

Anapon kang tohid singgih kabēh: dēnē si paningaling  
 tohid ikoe, tan loemiring ing singgih dēdē malih, kang dēn 20  
 43 tingali tan ljan pinangkanē kēwala dadi | ing tohid sing-  
 gih kabēh.

Anapon kang ma'rifat dēdē kabēh ndēnē si awasē paning-  
 alē [ikoe] kang toenggal maring pangēran ikoe, dēdē  
 sadjatinē tingalē dadi sjoeh sirna tingalē dēning kanḍeh 25  
 kagantēn kalingan tingalē dēning tingali(ng)kang sadja  
 aningali tiningalan tan ljan paningalira oega, toeng-  
 gal kang aningali kabēh. Ikie wijosing pamoedji kang  
 amoedji kabēh.

## XII.

Mangka matoer Ridjal: ja goeroe amba! Kadi poe- 30  
 nendi ma'rifat (tjigang prakara poenika, kadi kang kotjap  
 ing sastra: *ma'rifatu dhāti 'llāh, ma'rifatu ḡifāti 'llāh,*

a) MS. ajo = O. Jav. haywa.

b) MS. soeka.

c) MS. sih singgih.

*ma'rifatu af'ali 'llāh* <sup>a)</sup>), kadi poenendi sang siptanē katinga <sup>1)</sup> poenika?

Mangka aketjap Shaich alBari: ē Ridjall Tegesing *ma'rifatu dhāti 'llāh*: kawroehana ananing pangēran kang mahaloehoer jan toenggal tan kakalih sasifatra sadja langgeng kekel mahasoetji tan bastoe-djisim tanpa arah <sup>2)</sup> tan misra <sup>3)</sup> ta'n awor tan anoeksma tan sinoeksma, rēhing langge(ng) ananira mahasoetji wonten ing iskinira ing piambekira langgeng ing karatonira tan owah tan gingsir ing pa(ng)lilanira <sup>4)</sup>. 5  
44  
10

Anapon *ma'rifatu rifāti 'llāh*: kawroehana kahananing pangēran asifat *h'ajjun*: oerip langgeng tan kalawan njawa, angawikani tan kalawan boedi, kawasa tan kalawan anggaota, aningali tan kalawan aksi, amiarsa tan kalawan karna, akarep tan kalawan angenangen, angandika tan kalawan laji swara, langgeng kekel mahasoetji tan kadi ing <sup>5)</sup> doemadi kabēh. 15

Anapon <sup>b)</sup> *ma'rifatu 'laf'āl*: kawroehana sifat-pakarjaning pangēran: akarja tan kalawan parbot, asoeng tan kalawan asta, amedjahi tan kalawan karga <sup>6)</sup>. — Ikoetegesing ma'rifat tigang warna ika. 20

Anapon tjihnanira <sup>7)</sup> jan asifat oerip sadja ana wroeh kawasa ija angoeripi angawasakakēn lwiring <sup>8)</sup> kawasa | kabēh, jan angoeripi lwiring oerip kabēh: ikoe enggēnē njata. Lan ta sira dēn sami bakti nastiti pakēn, lan dēn aseroeh <sup>9)</sup> wedinira ing pangēran. Lan raksanen pangoetjapira saking kadi pangoetjaping wong sasar poenika: demi aketjap, dadi kapir, mapan ketjap ikoe medal saking witjaranē atinē, medal i(ng) *lisānē* <sup>c)</sup>, kadi ta wong agoegeojon: 25

„ingsoen ing tembē sapoeloeh taocn iki arep miloe dadi kapir”, demi angoetjap kadi ikoe dadi kapir. 30

ē Mitraningsoen! Pira wangenē idēpira! Saketjap sakedap nora jan sira mongkonoa, tan kapira. Kadi ta oedjaring wong sasar, mandjing kataksisan ing atinē <sup>7)</sup>, K a b a t a n i j a h aranē, ketjapē ta: sira pangēran *ma'dūm binafsiki* — sira <sup>d)</sup> pangēran napi. Demi aketjap dadi kapir. 35

a) MS. *dhātu* — *sifātu* — *af'ali*.

b) MS. anapēn.

c) MS. lingsanē.

d) MS. siran.

## XIII.

ē Mitraningsoen! Adja awasta <sup>a)</sup> sira [adja] wong kang mo(ng)kono ikoe, karana mesoem i(ng) doenja (a)hērat  
 46 amitraha sira sampoen, tatapi | ta akatah oedjaring wong  
 sasar kang ljan saking poenikoe, kadi <sup>b)</sup> ta ing kina Shaich  
 Soepi, Shaich Noeri, Shaich alDjaddi <sup>1)</sup>, sami aketjap, 5  
 kagepok ing oedjar sasar, mangka kinoepocraken dēnira  
*imām Ghazali* <sup>c)</sup> — kang awasta 'Abdu 'l'ārifi <sup>2)</sup>. Toewi  
 sakatahing sisjanē masaēk titiga ika sami kinēn atobata lan  
 kinēn ani(ng)kaha malih kalawan rabinē. Mangka aketjap  
 masaēk titiga ika sami atoe(ng)goel sastra, jan sira pangēran 10  
 ora andadēken. Aketjap Shaich alDjaddi:

„*alawwahu 'llāhu ta'ālā qabla (kulli) shai'in* <sup>d)</sup> tegesē ikoe:  
 dihin sira pangēran ora andadēken, sadērēng ana sawidji  
 widji iki”.

Ingsoen malih ama(ng)geri: sira pangēran dihin sadja 15  
 andadēken langgeng tan ama(ng)sa, tan asifat waliwali  
 tanpa wiwitan tanpa wekasan.

Jata soen atoeraken dateng padjenganira *imām Gha-*  
*zali* — *rah'matu 'llāhi 'alaihi* <sup>e)</sup> —

Ma(ng)ka matoer Ridjal: ja goeroe amba! Kadi poenendi 20  
 47 masaēk titiga poenika sami toemoet amarek ing *imām* <sup>f)</sup>  
*Ghazali*?

(Mangka aketjap Shaich alBari): ē Ridjal! Sami  
 toemoet masaēk titiga ika amarek ing *imām Ghazali*:  
 demi katingalan mangka tiningalan masaēk titiga ika. 25  
 Wina[npa]osaken: *a'udhu bi'llāhi minhā*: anglinḍoeng amba  
 ing Allah, dohena amba saking marga sasar.

... *man ittaba'a 'lhudā* mog: lah sira anoeta ing marga  
 abener, mapan kinawikanaan Shai(ch) Soepi, Shaich  
 Noeri, Shaich alDjaddi sami kagepok ing oedjar sasar. 30  
 Jata ingsoen ingoeloekan *salām* <sup>g)</sup> dēnira *imām Ghazali*:  
*Alsalamu 'alaikum*, ja Shaich alBari, kang sinalametaken

a) Ms. wata asta.

c) MS. gadjali ook in het volgende steeds.

e) MS. — 'llāhu —

g) MS. salan.

b) MS. kandi.

d) MS. awwalocellalahallahoe<sup>o</sup>.

f) MS. ingmam.

dëning pangëran kang rinaksa dëning Allah saking kagepoka ing margasasar: poenapa karsa<sup>a)</sup> toewan?

Mangka ingsoen atoe*r djawāb* anapani i(ng)kang (ng)andika *imām* Ghazali — *rah'matu 'llāhi*<sup>b)</sup> 'alaihi —: ja *imām* Ghazali — kang djinoengdjoeng *daradjaṭē*<sup>3)</sup> ndëning pangëran i(ng)kang amadangi ing wong akaṭah —: amba matoer  
48 ing toewan jën Shaich Soepi, Shaich Noeri, Shaich alDjaddi sami aketjap: „*Allāhu ta'ālā* nora andadëken”.

Mangka angandika *imām* Ghazali amatja: *a'ūdhu bi'llāhi minhā*, ja Shaich Soepi! (Ap)a siptanē oedjar toewan  
10 poenikoe?

Jata matoer Shaich Soepi: ja *imām* Ghazali! Nora idëp amba jan pastia kadi poenika: Sira pangëran tan andadëken ikoe, kēwala si sang siptanē ketjap amba poenikoe kadi sabdaning wong 'arīf kang karem<sup>4)</sup> kahananē pan-  
15 ingalē [ing] pangoetjapē ing kahananing Allah dadi amba angoetjap: *Allāhu ta'ālā* ora andadëken.

Mangka angandika *imām* Ghazali: ja Shaich Soepi! koepoer toewan ing patang *madh'hab*<sup>e)</sup> dëning toewan aketjap anakisaken sifating pangëran karana oedjar toewan  
20 poenikoe awit angorakaken angapesaken sifating pangëran: ikoe karan toewan koepoer. Toewan tegesaken kadi ketjap-  
i(ng) wong 'arīf ika: nora mongkono sabdaning wong 'arīf  
49 ika, kēwala si | semoenē wong 'arīf ikoe kadi lapal iki sang siptanē:  
25

*lā ja'rifu . . .*<sup>d)</sup> *lā jan'uruhā lā junkiruhā*<sup>e)</sup>, tegesē: wong 'arīf ikoe nora kabar ing ananē, nora ënget ing paningalē ing pangëran, nora weroeh: tegesē ikoe ta sang siptaning djinatën kanḍeh kagantën kalingan ananē pangoetjapē paningalē dëning ananing sih noegrahaning  
30 pangëran kēwala, i(ng)kang asoeng *fanā'*. Mangkana sang siptaning wong 'arīf ika ora kaja toewan mo(ng)kono, anakisaken sifating pangëran: ikoe karan toewan kagepok ing oedjar sasar, kagepok ing wong Mu'tazilah.

a) MS. karja.

b) MS. *ahu*.

c) MS. madahab.

d) MS. ngabditaḥa.

e) Prof. Snouck Hurgronje. — MS. jankoriha.

Mangka angandika *imām Ghazali*: ja Shaich alDjaddi! Apa siptanē oedjar toewan poenikoe?

Ma(ng)ka matoer Shaich alDjaddi: ja toewankoe *imām Ghazali*! ketjap amba <sup>a)</sup> kadia poenikoe — *Allāhu ta'ālā*  
 \*50 nora andadēken poenikoe — sadērēnging a)na *rasūlu 'llāh* 5  
 sawidjiwidji dērēng ana *lawh' qalam 'arsh' b)* *kursī* swarga naraka, awangawang oewoengoewoeng, ikepon norana; sawoesē sirna kabēh, ikipon maksih mangkana oega, anging sira pangēran cega dēwēk tanpa rowang nora andadēken dēwēkira: ikoe *mak'alāng c)* *dhāt mutlaq d)* djatining 10  
*ma'dūm binafsihi*, nora ing dēwēkē: ikoe tegesing toenggal ing katoe(ng)galanira, ratoe ing karatonira, agoeng ing kagoenganira, mangka njata ing kahananing Moehammad, angarsaken ing panggawēnira, njata ing saniskara kabēh.

Mangka *imām Ghazali* aketjap — kang linewihaken 15  
 kapanditanira, kang tiningalaken ing *lawh' almak'fūz' e)* i(ng) djeronē wetengē iboenira, i(ng)kang winenangaken angiket *Ucūl' Sulūk* ing djeronē wetengē iboenira <sup>g)</sup> —: ja Shaich alDjaddi! Koepoer lah toewan ing patang *madh'hab' f)*, mapan kahananing *Allāhu ta'ālā* dihin sadja poerba akarsa 20  
 51 teka | ta sira arani boḍo, sira arani moekop <sup>h)</sup> — dērēng akarsa, dērēng andadēken —, sifating pangēran dēra arani ama(ng)sama(ng)sa. Ikie koepoerira. Jēn ta baja <sup>i)</sup> i(ng)soen wenanga amedjahana ing sira, soepaja sira soen gantoeng soengsang toer sarwi soen pedang kalintanglinta(ng) dēnira 25  
 tjalatjoeloe <sup>j)</sup> ing pangoetjapira. Karana satoehoenē mahasoetji sifating pangēran saki(ng) kadia oedjarira ikoe!

Anapon kahananing *Allāhu ta'ālā qadīm* sasifatira miwah sadērēnging *'ālam* iki kabēh anging kahananing Allah kang asifat sadja langgeng mahasoetji sasifatira dēwēkira tanpa *kufu'* sadja soeksma asih langge(ng) andadēken tanpa wiwitan tanpa wekasan tan asifat waliwali. Karana satoehoenē sifating pangēran soeksma langgeng mahaloehoer ananira kang asifat sadja tan kena oetjapakena: „dērēng andadēken,

a) MS. apba.  
 c) MS. mangaling.  
 e) MS. lohilmapoel.

b) MS. aras,  
 d) MS. moetelak.  
 f) MS. madahab.

52 sampoen andadēken 'ālam iki kabēh", angi(ng) | 'kahanan  
 ika soeksma akaharsa langgeng andadēken, mapan sifatira  
 'ālimu 'lma'lām, chāliqū 'lmachlūq<sup>a)</sup>, qākiru 'lmaqhūr, qādiru  
 'lmaqdūr kun fajakun: endi ta oewoes-doeroengira andadēken?  
 Mapan ananira kang asifat sadja agoeng ing kagoenganira, 5  
 ratoe ing karatonira, toenggal ing katoenggalanira, amoedji  
 ing piambeki(ra), miwah sasampoenē djaga(t iki) kabēh  
 inganaken, langgeng ananira tan owah<sup>b)</sup> tan gingsir ing  
 piambekira dawak: tan bēda ananira [lan] sahananing 'ālam  
 lan sadērēnging 'ālam, ananira oega kang sadja langgeng 10  
 kekel mahasoetji maksih ing karatonira tan owah tan gingsir,  
 Mangka ingandikan Shaich Noeri: ja Shaich Noeri!  
 Sira pangēran — toewan ketjapaken<sup>c)</sup> — nora andadēken  
 ikoe apa<sup>d)</sup> sang siptanē?

Mangka matoer Shaich Noeri: ja imām Ghazali! 15  
 Kadi poenika kaharsa amba: djagat poeniki kabēh nora  
 53 dadi dē(ning) nama, dadi | dēning panggawē!

Ma(ng)ka imām Ghazali angandika: ja Shaich Noeri!  
 Koepoer idēp toewan poenikoe! Apa ta kahanan roro ikoe  
 asmā' sifat ikoe: satoehoēnē kahananing pangēran asifat 20  
 sadja andadēken sasifatira chāliq, mapan sifatira tan ljaning  
 ananira.

Hai'atu 'lwudjūd<sup>e)</sup> hai'atu 'lmafhūm; mangkana ing balikē:  
 hai'atu 'lmafhūm hai'atu 'lwudjūd: endi ta wawahē ikoe,  
 mapan paēkaning wudjūd toenggal tan kakalih, mapan 25  
 sifatira sifating dat, (af'ālira) af'āling dat, oetawi dja(t)ning  
 asmā' ikoe kakalih paēkanē asmā'u ('l)ṣifāt asmā'u 'ldhāt  
 ikoe paēkaning sasifatira tan ljaning ananira. Anapon  
 chāliq machlūq ikoe paṣṭi kahanan kalih, tan apisah.

Ma(ng)ka imām Ghazali angandika: ja Shaich Soepi, 30  
 Shaich alDjaddi, Shaich Noeri! chilāf idēp<sup>f)</sup>  
 toewan poenikoe, koepoer toewan ing patang madh'hab.

54 Ma(ng)ka masaēk titiga poenika sami aneḍa | tinobataken  
 (dēn)ing imām Ghazali.

a) MS. ngalimoen mangloem halikoelmangloek.

b) MS. awah.

c) MS. katjep<sup>o</sup>.

d) MS. apang.

e) MS. telkens hētoel<sup>o</sup>.

f) MS. kilafē; onder f naast ḍ X, en in marg. ing. — vgl. IX<sup>7</sup>).

Mangka angandika <sup>a)</sup> *imām* Ghazali — kang sinoeng *rah'mat* dëning pangëran —: ja Shaich Soepi, Shaich alDjaddi, Shaich Noeri, nora kawasa amba anobatakena walining Allah. Abetjik jan toewan atobata piambek ing pangëran wong sowa(ng) sami amarënana idëp toewan kang koepoer poenikoe. Jën ta baja toewan tan amarënana ing idëp toewan koepoer poenikoe, soepaja toewan linoengsoer djenengira wali dëning pangëran miwah sakatahing wong sanak toewan sami anganjarana *imān* kalawan (n)i(ng)kah <sup>9)</sup> lan toewan tobatena. 10

Amba amiarsa kang ngandika *nabijju 'llāh, çallā 'llāhu 'alaihi wasallama* <sup>10)</sup>, — toer amba ingandikan piambek —: ē *imām* Ghazali! Lamoen ana manoesja aketjap mē(ng)kënë: „kahananing Allah nora asih, nora 'ngasihi, nora andadëken, *asmā* nira nora andadëken”, anirnaken (n)oegrahaning pangëran 15 lan amor paëkaning sifating pangëran, lan kang alijanaken sifating pangëran, angapesaken sifating pangëran, — ē *imām* Ghazali! adja esak lah kapirena wong kang mongkono ikoe, doedoe *u(m)mat*ingsoen, kalawan ta *Allāhu ta'ālā* akën angoelatana pangëran wawanëh lan kinën angoelatana 20 panoetan ljan saking nabi Moehammad. Jan tan amarënana atobata paketjapi(ng)kang koepoer ikoe soepaja sira salameta!

## XIV.

ē Mitraningsoen! Singgih poenikoe kang pawetra *imām* Ghazali ing i(ng)soen kalawan <sup>b)</sup> masaëk titiga ika. 25

ē Mitraningsoen! Atoetoer malih *imām* Ghazali: i(ng)kang ngandika *nabijju 'llāh, 'alaihi 'lsalām*, — tinoetoer ing i(ng)soen lan masaëk titiga ika —: ja Shaich alBari, Shaich Soepi, Shaich alDjaddi, Shaich Noeri: miwah samongko kang (ng)andika *nabijju 'llāh çallā 'llāhu* <sup>30</sup> 56 *'alaihi wasallama* <sup>c)</sup>, — kalawan malih pamangguhingsoen ing sastra —: Poma sira adja <sup>d)</sup> anakisaken sifating pangëran saderahing <sup>1)</sup> angenangenira anakis(ak)ena sifating pangëran. Anapon kang (tan) kinarsaken dëning pangëran tan ana kadjatinë, telasë ikoe ta dëning tan kinarsaken dëning pangëran 35

a) MS. kangandika.

b) MS. kalajan.

c) MS. salingalam.

d) MS. ajo = O. Jav. haywa.

tan ana pisan iwa mangkana <sup>2)</sup> nora loepoet ing kawroehing pangēran kinawroehan sami pisan tan asifat waliwali, tegesē dēning lewih mahasoetjinira langgeng kekel ing karatonira bēda lan awangawang ingkang ana kadjatinē ika, — mapan kang ingaran awangawang ikoe: nētra kalih, sawidji awang-  
 5 awang kang ana kadjatinē, kang sawidji kang orana kadjatinē. Moewah oelatana selaning pitoeng boemi (selan)ing pitoeng langit, lan selaning lintang selaning weḍini(ng) sagara, lan sadjabaning boemi langit, selaning tjiptariptaning ati: ikoepon ora kapanggih. Tegesē ikoe dēning tan  
 10 57 kinarsaken karaning | tan ana pisan.

ē Mitraningsoen! Jēn ana angoetjapa mēngkēnē: koe-  
 poer! —: „Awangawang ikoe nora dinadēken” . . . .  
 koepoer! — tegesē: angapesaken sifating pangēran. Mēng-  
 15 kēnē salametē: kang tan kinarsaken awangawang kang tan ana kadjatinē; kang kinarsaken awangawang kang ana kadjatinē, mapan sira pangēran andadēken saniskaraning doemadi kabēh saki(ng) nora dadi ana kadi ta rekē sira pangēran tan pegat tan asifat waliwali, oetawi andadēken kang alemboet lewih le(m)boetē saking banjoe, (ana)  
 20 lemboet[ē] malih geni lewih le(m)boetē, ana [lewih] lemboet malih koekoes lewih le(m)boetē, ana lemboet malih angin lewih lemboetē, ana le(m)boet malih antara lewih le(m)boetē, ana le(m)boet malih *dharrak* lewih le(m)boetē — ana ing djeroning awangawang <sup>3)</sup> — ana kang lewih le(m)boetē malih  
 25 58 sini(m)pen dēning pangēran saking poerba kaharsaning pa- ngēran andadēken tan kena dinoegēng boedi anging kaharsanira ḍawak kadi ta kang dinadēken sadjagat salaksa patang ēwoe, iwa mangkana ikoe anereh <sup>4)</sup> saking kang (ng)andika *nabijju 'llāh* (Moehammad *al*)*muḥtafā*: . . . . . tegesē  
 30 ikoe ta dēning witing doemadi ikoe witing kanoegrahan. Tan ana nabi lewih oetama Ijana nabi Moehammad (*al*)*muḥtafā* kang pina(ng)ka panoetoep <sup>a)</sup> nabi. Iwa mangkana kahananing pangēran kang lewih mahasoetji andjati-  
 35 tēni <sup>b)</sup> ing kakasihira, malah inga(na)ken kadi toenggal dēning saking seroening sihira djinatēn ing sifat-dat-*af'āhira*

a) MS. pauetoeb.

b) MS. andjatēning.

dadi nir ananira kang djinatēn anging kari ananē kang andjatēni kēwala. Mangkana malih anani(ng) wali moe'min kabēh i(ng)kang ananggoeng titipan kadi ta iman tohid ma'rifat kabēh ikoe saking kang sih barkat *nabijju'llāh* (Moehammad) (*almuṭafā* dēning awijos kapit <sup>5</sup>) ing sihing pangēran lan kang (ng)andika nabi — '*alaihi 'lsalām*,  
59 i(ng)kang | atoedoh marga abener — witing kanoegrahan ikoe lewih dēmitē.

ē Ridjal! Mapan ta rekē sadērēnging ana ikoe sampoen angema ana ingaran '*adam mumkin*'<sup>a)</sup>. 10

ē Mitraningsoen! Mangkana malih sira aningali salwiring doemadi kabēh iki dēn toenggal ing paningalira tan ljana kang kadoeloe kang andadēken kēwala.

ē Ridjal! ikoepon maksih serik: tingalē ing sampoer-  
nanē ikoe ta lamon oewoes (s)irna tingalē, kantoen kang 15  
asoeng awas kēwala aningali tiningalan asih sinihan ing piambekira.

ē Ridjal, mitraningsoen! Bēda kadi *ma'dūm ʿirf* <sup>6</sup>) ika dēnē tan kinarsaken, karaning tan ana pisan.

ē Ridjal, mitraningsoen! Ana paṇḍita ikoe kang apaēsan 20  
*nia'dūm*.

Mangka matoer Ridjal: ja goeroe amba! Kadi poenapa sang siptanē poenikoe?

Mangka anabda Shaich alBari — kang sinoekan dēning Allah — : ē Ridjal! Sang siptanē oedjar ikoe sam- 25  
60 bi liwat sampoen kataksisan ing tampa, kēwala si ikoe dēning djinatēn ing dat-sifat-*af'āhira* dadi kahananingkang sinihan ika kadi nora kadi doek doeroeng ana mangka(na), babaṭangē labetē <sup>b)</sup> gandanē saḍiḍik pon norana kari dēning kalindih kagantēn kalingan ananē dēni(ng) kang 30  
sadja asih andjatēni i(ng)kang amiboehi langgeng kekel asih sinihan ing piambekira. Ikoe kang papanggeran *imām Ghazali* saking kang barkat andika *rasūlu 'llāh*, '*alaihi ('lcalāt) wa 'lsalām* <sup>7)</sup>.

ē Mitraningsoen! Jata atoetoer malih *imām Ghazali* ing 35  
i(ng)soen.

a) MS. adammoengkinat.

b) MS. labetē.

Mangka matoe(r) Ridjal: ja goeroe amba! Poenapa kang pinitoetoeraken ing toewan?

Mangka aketjap Shaich alBari: ē Ridjal! Singsapa wroeh ing sisimpenan limang parkara ikoe, ma(ng)ka antoek sisimpenaning nabi wali moe'min kabèh. Moewah singsapa anjetjep sisimpenan limang parkara, ma(ng)ka wroeh ing djiwaraganē jēn kandeh kagantēn ananē dēning | wiboehing sih, anani(ng)kang andjatēni, dadi sjoeh sirna djiwaraganē tan ljan anani(ng)kang sadja poerba akaharsa langgeng kekel mahasoetji, tan owah tan gingsir, tan a(sifat) waliwali, anging ananira oega kang asih asifat sadja oerip wiboeh kawasa aningali amiarsa anabda poerba langgeng kekel ing karatonira. Miwah singsapa angawikani ananing pangēran, doek [sira] doeroeng ana sawidjiwidji iki kabèh *lawih' qalam* 'arsh<sup>a</sup>) *kursi* dērēng ana awangawang oewoengoewoeng. Ma(ng)ka matoer Ridjal: ja goeroe amba! kadi poenendi siptanē poenikoe?

Ma(ng)ka anabda Shaich alBari: ē Ridjal! tegesē ikoe sang siptaning sampoernaning ma'rifat kadi ta sira tan wikan ing pangēranira oetawi ing ananira mangko iki mantep *ka'lna'dūm*,

tegesē: kadi doek doeroeng ana mangkana tan bēda lan sadērēngē ana lan sawoesē ana waloeja | moelih maring djatinē kadi doek dērēng ana, anging kang asifat sadja langgeng kekel mahasoetji ratoe amengka tan owah tan gingsir, toewi nora bēda ananira sadērēnging 'ālam lan sawoesing 'ālam lan sahananing 'ālam, anging ananira oega kang langgeng kekel maksih ing karatonira tan owah tan gingsir pasti ananira kang asifat soeksma wiboeh, langgeng mahasoetji tanpa toedohan.

## XV.

Ma(ng)ka anabda Shaich alBari: ē Mitranningsoen! Ana ketjaping wong sasar satengah: „*Lam jalid walam jūlad*” ikoe dēn arani sifating pangēran: ikoepon koepoer. Apa ta sira pangēran asifata oraora anakanak kalawan kang

a) MS. ngara.

inganakanakaken poenikoe kang tan inganakanakaken loeng-  
goehē sifating pangēran „*Lam jalid wa lam jūlad*” ikoe  
tegesē sifatira mahasoetji ora anakanak, tan inganakanak-  
63 kaken o|ra malih awit ora.

Oetawi si singsapa angraosi sifating pangēran awijos ta 5  
awit salab, ikoe koepoer, ē Ridjal, mapan ing(kang) aran  
salab ikoe dēn(ing) awijos<sup>a)</sup> awit sifating pangēran  
mahasoetji: ikoe salametē.

Mangka matcer Ridjal: ja goeroe amba! Kadi poenendi  
kang ingoetjapaken kadi wirasani(ng) sastra: „siptaning 10  
*Uçūl* poenika *dhātu 'llāh* kēwala?

Ma(ng)ka anabda Shaich alBari: ē Ridjal! Ija ikoe  
sikepi(ng) wong '*ārif*: tingalē ikoe dēning awijos karihin ani-  
ngali kahananing Allah asifat soeksma langgeng mahasoetji  
dihin poerba akaharsa andadēken, tan awiwitan tan awekasan 15  
tan a(sifat) waliwali kadi ta sang siptaning wong '*ārif* ika:  
Awangawang oewoengoewoeng *muṣṣṣani'u 'lwudjūd*<sup>b)</sup> ikoe  
kang dēn karja paēsan kadi ta lapal: [(*djā'izu 'lwudjūd af'ālu*  
64 '*llāh*. Djenenging<sup>c)</sup> *qadīm*:] *wādjibu 'lwudjūd cifatu 'llāh*, |  
*djā'izu 'lwudjūd af'ālu 'llāh*, *muṣṣani'u 'lwudjūd*<sup>d)</sup> *dhātu 'llāh*. 20

Anapon djenengi(ng) *qadīm*: *wādjibu 'lwudjūd*, tegesē  
sifating pangēran pasti sadja ana ing piambekira, mapan  
ananira nora bēda [lan] sadērēnging '*ālam* lan sawoesing  
'*ālam*, langgeng panglilanira tan owah tan gingsir ananira  
[tan owah tan gingsir ananira] kang agesang asifat sadja 25  
wiboeh samporna langgeng kekel mahasoetji.

Oetawi lamoen ana aketjapa mēngkēnē: koepoer! —:  
tegesing *wādjib* sadja ikoe koepoerē mapan djenenging  
*wādjib* ikoe loenggoehē ing kawoela kang sinihan, mapan  
— sadoeroenging anani(ng)kang sinihan, kēwala si ika pasti 30  
ing kawroehing pangēran — sira pangēran kang asifat  
sadja akēn teka ing *waqtunē* dadi anani(ng)kang sinihan  
teka angēstoken jan djenenging *qadīm wādjibu 'lwudjūd*  
65 *cifatu 'llāh* sifatira pasti sadja a|na dadining sifate pangēs-  
toening<sup>e)</sup> sinihan ika kagantēn dēning *cifatu 'llāh*. 35

a) MS. add.: angrani. b) MS. moentanēngoelwoedjoed. c) MS. djenenga.  
d) MS. moentanēngoelwoedjoed. e) MS. pangastoening.

Mangka matoer Ridjal: Sarwia soebakti, anoehoen i(ng) djeng, ja goeroe amba! Tegesing *djā'izu 'lwudjūd af'ālu 'llāh*<sup>a)</sup> kadi poenendi?

(Mangka aketjap Shaich alBari:) ē Ridjal! Tegesing *djā'izu 'lwudjūd af'ālu 'llāh*<sup>b)</sup> pakarjaning wali moe'min kabēh ikoe pratjihnaning sifat pakarjaning pangēran. Anapon djenenging *djā'izu 'lwudjūd* ikoe djenenging kawoela oega, wenang ana wenang ora.

(Mangka) matoer Ridjal: Kadi poenendi wenangē ana wenangē ora poenikoe?

(Mangka aketjap Shaich alBari:) ē Ridjal! Wenangē ana ikoe dēnē si ananē ikoe mina(ng)ka lantaran (eng)-gēning moelat ing *wudjūdu 'llāh* ing *ṣifātu 'llāh af'ālu 'llāh ja'nī*<sup>c)</sup> jēn ana kang andadēken.

Ma(ng)ka matoe(r) Ridjal: ja goeroe amba! Tan wenangē ta kadi poenendi?

Mangka aketjap Shaich alBari: ē Ridjal! Tan wenangē ikoe sawoesing awasi(ng) *wudjūdu 'llāh ṣifātu 'llāh af'ālu 'llāh* oetawi katiga ikoe kinarja pangilōn pang-i(n)tipaning nabi wali moe'min kang oetama.

(Mangka) matoe(r) Ridjal: ja goeroe amba! Tegesing *mumtani'u 'lwudjūd dhātu 'llāh* kadia poenendi?

(Mangka aketjap Shaich alBari:) ē Ridjal! Tegesē ikoe sang sipta sambu liwat tan dadi wijosing tingal kang *mumtani'* ikoe, oeta(wi) wijosing tingal poenikoe dateng kahananing soeksma kēwala.

ē Ridjal! Lamoen ana manoesja aketjapa mēngkēnē: *'mumtani'* ikoe dēn senggēh edat, atawa si edat dēn aranana *'mumtani'* — wong ikoe lah koepoer kapir.

Oetawi mēngkēnē salametē: Anani(ng)kang sinihan ikoe djinatēn ing dat-sifat-*af'ālhira* dadi nir anani(ng)kang djinatēn, malah kadi nora dēning kandeh kagantēn kalingan ananē dēning wiboehi(ng) sih, [ing] kahananingkang sadja and-jatēni kēwala | i(ng)kang anampoernaken.

ē Ridjal! Ija ikoe kang papa(ng)geran *imām* Ghazali kang tinoetoer maring i(ng)soen, mapan norana wong saroe-paroe(pa)nē kang ader(bē)ni sikep sisimpenan kadia sipta

a) MS. *ṣifātu 'llāh*.

b) MS. *ṣifātu 'llāh*.

c) MS. jangnē.

ikoe, wong kang pinilih sinelir dĕning pangĕran, wong kang sinoeng wasil paningalĕ kang kadi kilat laksanakan<sup>1)</sup>: ikoe kang andoewĕni sipta ikoe.

ĕ Mitraningsoen! Dĕn sami sira angimanaken ing toetoeringsoen iki, lan ani(ng)gahana sira kadi sikeping wong 5 sasar ika, mapan angandika<sup>a)</sup> *imām Ghazali*: kawroehana wong sasar ikoe tekoning akir djaman maksih ana dĕnĕ si sisjanĕ masaĕk titiga ika nora enti dĕnĕ anobataken dĕning kalingan sagara goenoeng ikoe kang tan wroeh goeroenĕ jĕn tinobataken ikoe kang maksih angarooe 10 tjalatjoeloe panggoetjapĕ ikoe i(ng)kang amoeroek kababarakan oedjar sasar tekoning mangkĕ maksih sasar dĕnĕ 68 si maksih | witĕ masaĕk titiga ika sakaṭahĕ malih kang anoet maksih mangkana oega dadi kapir dĕnĕ si ikoe maksih angimanaken oedjarĕ goeroenĕ. Bahagja temen 15 ingkang abalik, kang anoet i(ng)kang (ng)andika *imām Ghazali*, i(ng)kang katoetoer ing sastra iki kabĕh!

## XVI.

Mangka aketjap Shaich alBari maring mitranira kabĕh: ĕ Mitrani(ng)soen! Dĕn sami tetep sira kabĕh ing 20 *ṣalāt* limang *waqtu*. Kalawan sira asidekaha salĕh, asidekaha *sirr*, asidekaha rahasja.

Ma(ng)ka matoe(r) Ridjal: ja goeroe amba! Kadi poenendi ing djero(ning) *ṣalāt* poenikoe anarika *imān* atawa nora?

Mangka aketjap Shaich alBari: ĕ Ridjal! jĕn si 25 anaha: serik *ṣalātĕ*, jĕn si norana: kapir.

Ma(ng)ka matoer Ridjal: sarwia soebakti, anoehoen ing djeng, ja goeroe amba! Kadi poenendi salametĕ ing tanpa sabda toewan poenikoe?

69 (Mangka aketjap Shaich alBari) ĕ Ridjal! Kalranging 30 *ṣalāt*ing wali moe'min tan serik tan kapir dĕning kĕndit<sup>1)</sup> anoĕt kang seboet *nabijju 'llāh*, '*alaih* (*'lṣalāt*) *wa 'lsalām*, — ikoe karaning tan serik tan kapir, mapan rekĕ kang sineboet andika *nabijju 'llāh: bilā tashbīh*, dadi enir ananĕ, kabĕh pon norana kari dĕning djinatĕn ing dat-sifat-*af'āhira* 35

a) MS. onduidelijk.

dadi kanḍeh kagantēn ananē dēning wiboehing sih, [ing] ananingkang andjatēni. Mangkana ta djeroning *ḡalāti*(ng) wali moe'min iki wijosē pon mangkana oega kadi lapal iki sang siptanē:

*wa 'lī'tiqādi*<sup>a)</sup> *wa 'līmāni wa 'ltauh'īdi*<sup>b)</sup> *wa 'lma'rifati*. 5

ē Rīdjal! Karanē lewih sembah-poedjinē wali moe'min ikoe dēn kawroehi sembah-poedjinē ikoe jēn tansah<sup>c)</sup> djinatēn ing sih pinoerba rinēh dadi oelatē maring kang 70 amoerba angrēh ing enggrēh sirna dēning kanḍeh kagantēn kalingan dēning wiboehing sih, [ing] ananingkang an- 10 djabatēni: mantep sira pangēran langgeng aoerip amoedji ing piambekira, mapan *Allāhu ta'ālā* amoedji ing piambekira ikoe minargaken ing ra(ha)sja, panarimaning manoesja njinataken ing kakasihira. Kēwala si *lisāning* manoesja iki darma amalesi<sup>2)</sup>, mapan sembah-poedjinē nora tingalē kang 15 maring pangēran ikoe pasti doedoe sadjatinē wijosē kēwala si ikoe lwir pawana marg(an)ē toeloepanē: ikoe salametē kabēh.

Ma(ng)ka matoer Rīdjal: ja goeroe amba! Kadi poenendi tegesing asidekah salēh?

Ma(ng)ka aketjap Shaich alBari: ē Rīdjal! Teges- 20 ing asidekah salēh ikoe asoeng[soeng] tan ana'ngawroehi, angabakti tan ana wikan, *mushāhadah*<sup>d)</sup> tan ana pegatē.

(Mangka matoer Rīdjal:) Tegesing asidekah *sirr* kadi poenendi?

(Mangka aketjap Shaich alBari:) ē Rīdjal! 25 71 Tegesing asidekah esir ija kang tan pegat asrah | djiwiranē ing pangēran lan kang tan pegat angētjani atining wong. Tegesing asidekah rahasja ikoe ija kang andjatēni ing kawroeh i(ng)kang sabenerē lan asoeng ngēlmi ing wong kang tan ana oepajanē<sup>3)</sup>. 30

Mangka matoe(r) Rīdjal: sarwia soebakti, anoehoen i(ng) djeng, ja goeroe amba! amba amanggih lapal kadi poenika: *qablakum*<sup>e)</sup> *dhātu 'llāh ma'akum dhātu 'llāh ba'dakum dhātu 'llāh*, kadi poenendi — ja toewankoe! — sang siptaning lapal poenikoe? 35

a) MS. wattikadi.

b) MS. watohidi.

c) MS. jēntansah.

d) MS. moesadah.

e) MS. kablakoen — mangakoen — bangadakoen.

(Mangka aketjap Shaich alBari:) ē Ridjal! Siptanē ikoe dēning tan amilang paëkaning sifat malih, mapan sadērēnging ana i(ng)kang ingandikan ikoe, anging kahananing Allah kang langge(ng) asifat mahasoctji sadja angandika: mo(ng)kono siptanē kabēh ikoe. 5

ē *Ridjālu 'llāh!* Sira mitraningsoen kang lewih saking mitraningsoen kabēh — sangkanē sira soenwastani *Ridjālu 'llāh*, wong lanang ing Allah, dēning asanget lampahira lan dēning aloengid siptanira: i|koe tegesing lanang ikoe.

## XVII.

10

72 Ma(ng)ka matoer Ridjal: ja goeroe amba, Shaich alBari! — kang sinalametaken *īmān(ē) tawhīdāē ma'rifatē* dēni(ng) Hjang mahaloehoer —: Kadi poenendi ketjapira Shaich Noeriman dateng ing Shaich Atim<sup>1)</sup>: „Toewan aningali ing Allah?"; ketjapira Shaich Atim: 15 „Aningali amba ing Allah"; ma(ng)ka aketjap Shaich Noeriman: „Jēn toewan aningali ing Allah, soepaja toewan nora kawasa aningalana wawanēh!".... kadi poenendi sang siptanē Shaich Atim poenika?

(Mangka aketjap Shaich alBari:) ē Ridjal! Siptanē 20 Shaich Atim ikoe dēnē si sakaṭahē kang dēn piarsa kang dēn oetjap ikoe awijos maring pangēran kēwala tingalē siptanē Atim ikoe, ē Ridjal, karana wong aningali ing pangēran ikoe sarta lan pangēran dadi ora aningali ing wawanēh. 25

Matoer malih Ridjal: ja goeroe amba! Kadi poenendi siptanipoen Shaich Noeriman aketjap dateng ing 73 Atim: „Toewan tiningalan dēning pangēran?"; | ketjaping Shaich Atim: „Tiningalan ingsoen dēning pangēran"; ketjaping Shaich Noeriman: „ja Atim! lamoen toewan 30 tiningalan dēning pangēran, soepaja kang wawanēh nora aningali ing toewan"; aketjap Shaich Atim: „Ija kang wawanēh nora aningali ing amba" — ma(ng)ka matoer Ridjal: — kadia poenendi sang siptanē poenikoe?

(Mangka aketjap Shaich alBari:) ē Ridjal! Siptanē 35 Atim ikoe dēnē si sakaṭahē kang toemingal ikoe tan ana

wānēh ingkang aningalaken tan ljan sira pangēran kang aningalaken — dadi siptanē Atim ikoe — maring kang asoeng tingal kēwala sadja langgeng aningali tiningalan anaksēni sinaksēn angawikani kinawikanan asih sinihan tan ljan piambekira.

5

ē Ridjāl! Siptanira *mām* Ghazali: toenggal wijosē i(ng)kang aningali pangēran i(ng)kang tiningalan pangēran.

74 Mangka | matoe(r) Ridjal: ja goeroe amba! Kadi poen-  
endi siptanē poenikoe?

(Mangka aketjap Shaich alBari:) ē Ridjal! tegesē 10  
sipta ikoe dēnē sjoeh sirna paningalē ing djagat kabēh  
— dadi siptanē ikoe — tan ljan sira pangēran kēwala kang  
sadja andoeloe dinoeloe ing piambekira.

ē Ridjal, mitraningsoen kabēh! Dēn sami amiarsaha  
ing toetoeringsoen iki! Kalawan <sup>a)</sup> sapisan ingsoen loem- 15  
ampah ing ara-ara *īmān*, soentingali tindakingsoen ika  
sarta lan idining sih noegrahaning pangēran. Sasampoen  
ingsoe(n) loemampah ing ara-ara *īmān*, toemindak ingsoen  
ing ara-ara *tawhīd*; jata soentingali tindakingsoen ika tan  
katon: kang katingalan dēningsoen ika kahananing Allah 20  
kēwala. Sasampoen ingsoen loemampah ing ara-ara *tawhīd*,  
loemampah ingsoen ing ara-ara *ma'rifat*: norana kahanan-  
ingsoen: tingalingsoen kang maring pangēran pon nora  
75 ana. | Tegesē ikoe dēning sampoen anoenggal tingal dadi  
nir tingalingsoen ika ing tingal toenggal kang tiningal 25  
kang sadja andoeloe dinoeloe ing pandoeloenira.

Mangka aketjap Shaich alBari: ē Ridjal! Kadi ta  
palajaraning wong 'ārif [*al'ārifu*]: „gharaqtu fī *bakri*  
'*ladami*” <sup>b)</sup> wong 'ārif ikoe karem”) ing sagara ora.

Ma(ng)ka matoe(r) Ridjal: ja goeroe amba! Kadi poen- 30  
endi sang siptaning „sagara ora” poenikoe?

(Mangka aketjap Shaich alBari:) ē Ridjal! Sang  
siptanē ikoe patemoning wong 'ārif kang ora ikoe dēning  
djinatēn dadi nir ananē, malah kadi doek doeroeng ana  
mangkana.

35

a) MS. kalajan.

b) MS. filbahri adam.

## XVIII.

ē Mitraningsoen! Ora soen kalewihaken i(ng) wong atapa kang kaliwat sangetē kasoeta(pa)nē<sup>1)</sup>, dērēng ta *ichlāç*<sup>a)</sup> atinē.

Sapisan ingsoen loemampah kalintang sangetē lampahingsoen ika; ing keredjetē atiningsoen ika mēngkēnē: mangko  
76 balja ingsoen teka ing lampah kang lewih.

Mangka ana swara kapiarsa dēningsoen: „ē Shaich alBari! Lampahira baja kang dinadēken api naraka ika  
10 tinampikaken maring anggaotanira kabēh”. Singgih ta saking sih patoeloenging pangēran tan koninga lampahingsoen poenika.

Jata wonten swara malih maring i(ng)soen: „ja Shaich alBari! Mangko baja sira teka ing lampah kang aloehoer  
15 angloenggoehi sira, jan tan loemampah moelih tanpanembah tanpamoedji.” Mandaha ta ingsoen loemampaha karana (bi)rahi lan ajoen kapiarsa apened<sup>b)</sup> soepaja ingsoen tinoelan dēning pangēran kinēn angoelatana pangēran wawanēh lan kinēn angoelatana panoetan ljan saking *rasūlu 'llāh, 'alaihi 'lsalām*.  
20 ē Mitraningsoen, (ora soen) kalewihaken<sup>c)</sup> wong kang  
77 aderbēni kapanditan<sup>d)</sup> lan kawroeh kang abener, dērēng ta *ichlāç* atinē<sup>e)</sup>. Sapisan ingsoen ginaḍoehan ngēlmoe kapanditan<sup>f)</sup> lan kawroehing masaēk, ing keredjetē atiningsoen ika: mangko baja ingsoen iḍeping<sup>g)</sup> hoekoem kang  
25 ēwoeh ingkang asamar-samar ika.

Jata ana swara kapiarsa dēni(ng)soen: „ē Shaich alBari! sira baja kawoelaning Allah kang woeta toeli bisoe ika.” Saking sih patoeloenging pangēran tan koninga kawroeh lan (ng)ēlmoe kapanditan ika.  
30

Wonten swara malih kapiarsa dēningsoen: mangko sira linewih dēning pangēran aloenggoeh ing kapanditanira malih jan tanpanembah tanpamoedji tanpa tingal. Mandaha ta banggi ingsoen aderbēni kawroeh lan (ng)ēlmi kapanditan ika, miringa baja ingsoen ing doenja lan kaloeloetana  
35

a) MS. ikinglas of ikelas. b) MS. onduidelijk. c) MS. kang linewihaken

d) MS. add. na. e) MS. ikelas satinē. f) MS. kapanditan. g) MS. ingḍeping.

78 dēni(ng) wong, soepaja | ingsoen ingaranan atjatjajad dēning pangēran dēning kalintanglintang sangetē bendoenira.

Mangka aketjap Shaich alBari: ē Ridjal, mitraningsoen! ora soen kalewihaken wong kang aderbēni bangsa ka(ng) kaliwat loehoerē, i(ng)kang aderbēni kagoengan 5 kang kaliwat goengē, dereng ta *ichlāç* atinē<sup>a)</sup>.

Sapisan ingsoen sinoengan bangsa aloehoer dēning pangēran, kalawan kagoengan kalintang goengingsoen lan dēningsoe(n) amertani ing wong kasihan: ing keredjetē atiningsoen ika: Mangko baja ingsoen sinoeng bangsa 10 aloehoer kalawan kagoengan kang agoeng iki.

Jata wonten swara kapiarsa dēni(ng)soen: „ē Shaich alBari! Sira baja kawoelaning Allah kang \*ema bahagja<sup>2)</sup> ika.” Saki(ng) sihing pangēran tan koninga bangsa kaloehoeran ika kalawan<sup>b)</sup> (ka)goengan kang agoeng ika, kang 15 79 katingalan dēningsoen ika sih wijlasaning pangēran.

Jata ana swara malih kapiarsa dēningsoen: ē Shaich alBari! Sira baja kawoelaning Allah kang serik ika.

Jata ilang pangoeningani(ng)soen kang maring pangēran. Won(ten) swara malih maring ingsoen: „ja Shaich 20 alBari! Mangko (baja) sira aloenggoeh ing bangsanira kang aloehoer moelih maring kagoenganira malih.”

Jan ta banggi ingsoen agoengena ing bangsaningsoen kalawan kagoengan ika soepaja ingsoen ingaranan *munāfiq*.

Mangka aketjap Shaich alBari: ē Mitraningsoen! Dēn 25 abetjik-betjik<sup>c)</sup> lampahira, dēn *ichlāç*<sup>d)</sup>, sampoen kaprikaken sarira, kalawan ing kawroeh sampoen kadi wong sasar kang pinastī sinasaraken.

Ma(ng)ka matoer Ridjal: ja goeroe amba! Kadia poenendi kang pinastī sinasaraken poenikoe? 30

Kang saor Shaich alBari: ē Ridjal! kang pinastī sinasaraken ikoe ija kang aketjap: osiki(ng) djiwaraga iki 80 osiking *dhātu 'Uāh*, kang a|ketjap: napi Allah itbat ikoe Allah; kang aketjap: kawoela nora pinoerba, sira pangēran

a) MS. ikelassatinē.

b) MS. kalajan.

c) MS. abetjak-betjik.

d) MS. itelas.

nora andadèken, nora amoerba: ija ikoe kang pinastī  
(sinasaraken) dēning Allah, kang kinekelaken ing soring  
narakaning wong kapir.

ē Mitraningsoen sadaja! — Iki si mitraningsoen *Ridjālu* 5  
*'llāh* soendjoedjoeloeki: dēn tiroeha dēning mitraningsoen  
kabēh: kang kadi matjan tanaganē, kang kadi <sup>a)</sup> kilat  
laksananē, kang soendjoedjoeloeki oerip tan kalawan njawa,  
kawasa tan kalawan anggaeta, aningali tan kalawan aksi,  
amiarsa tan kalawan karna. 10

Mangka matoer mitranira kabēh: ja goeroe amba,  
Shaich alBari! Poenapa tegesē sabda toewan poenikoe?  
(Mangka aketjap Shaich alBari:) ē Mitraningsoen  
sadaja! Tegesing *Ridjālu 'llāh* ikoe: oerip sarta lan pangēran,  
pangawasanē *Ridjālu 'llāh* ikoe sarta lan pangawasaning 15  
81 Allah, pamiarsanē *Ridjālu 'llāh* ikoe sarta lan pa|miarsaning  
Allah, kadi ta\* kang sabda baginda Aboe Bakr, *radjja*  
*'llāhu 'anhu*:

*ra'aitu rabbī birabbī.*

Tegesē: wong kang aningali ing pangēran ikoe sarta 20  
lan pangēranē: ikoe salametē; tegesē: telastelasē ta ikoe  
kabēh doedoe lan dēwēkē. Tegesē wirasaningsoen ikoe:  
lamoen oegi lampahē tingalē wong ikoe ora mongkonoa,  
pasti wong ikoe salah, kekel soring narakaning wong kapir.

ē Mitraningsoen! Mangkana malih tingalira ikoe kabēh 25  
sarta kalawan ing sih poerba kaharsahing pangēran oegi  
i(ng)kang anoegrahani asoeng awas ing kawoela kang sinihan  
lan ta sira dēn aloes (ing) tampanira, ing lampahira dēn atoeroet-  
toeroet kalawan ta sira adja aliliwatan adja alilinjokan, adja  
pranēsa <sup>3)</sup> karena wong aliliwatan ikoe mambet adjnjana <sup>b)</sup> 30  
82 toer kasariran, wong kang | mongkono ikoe ora karena  
Allah karena *shaijān* <sup>c)</sup>: satoehoenē wong kang mongkono  
ikoe angroeroesak anggingsir lampahing wong karan(a)  
Allah. Wong mongkono ikoe tan kena dēra tjekela oedjarē  
rēhing ara-oeroe tan pegat sinoesahaken atinē dēning 35

a) MS. kadē.

b) MS. agnjana.

c) MS. sētani.

pangēran sakaṭahē malih i(ng)kang anoet mangkāna oega soesahē atinē.

ē Mitraningsoen! Dēn sami sira aketjapa betjik-betjik kalawan lampahira *z'āhir bāṭin* anoeta kang sarēngat, andika *rasūlu 'llāh ṣallā 'llāhu 'alaihi wa sallama*<sup>a)</sup> asih- 5  
pramoelēha sira ing *rasūlu 'llāh, 'alaihi 'lsalām* — marganira anampani sih noegrahaning pangēran. Dēni(ng) kang sih andika *rasūlu 'llāh, 'alaihi 'lsalām*, sira iki awijos kapit 83 ing sih, karihini sihing pangēran kalawan kang sih *rasūlu 'llāh, ṣallā 'llāhu 'alaihi wa sallama*<sup>b)</sup>. 10

ē Mitraningsoen! Ikoe titinggalingsoen ing sira kang awēt poma anak-poetoenira sami wekasen, sami anoeta wirasaning toetoeringsoen ikoe kabēh, karana maṅawa anoet ing woewoesi(ng) wong sasar.

ē Mitraningsoen) sadaja! Baoela si akēh jēn ingsoen 15 toetoera sawirasaning sastra ikoe anging sira dēn sami awedi ing pangēran. Adja sira salah simpang, sami sira amriha kasidan.

Tammāt tjarita tjinitra kang' pakerti <sup>4)</sup> Pangēraning 20  
Bēnang.

a) MS. selingalam. vgl. XIII<sup>10)</sup>.

b) MS. selingalam.

pangĕran sakatahĕ malih i(ng)kang anoet mangkāna oega soesahĕ atinĕ.

ĕ Mitraningsoen! Dĕn sami sira aketjapa betjik-betjik kalawan lampahira *z'ākir bāṭin* anoeta kang sarĕngat, andika *rasūlu 'llāh ḡallā 'llāhu 'alaihi wa sallama*<sup>a)</sup> asih- 5  
pramoelĕha sira ing *rasūlu 'llāh, 'alaihi 'lsalām* — marganira anampani sih noegrahaning pangĕran. Dĕni(ng) kang sih andika *rasūlu 'llāh, 'alaihi 'lsalām*, sira iki awijos kapit 83 ing sih, karihini sihing pangĕran kalawan kang sih *rasūlu 'llāh, ḡallā 'llāhu 'alaihi wa sallama*<sup>b)</sup>. 10

ĕ Mitraningsoen! Ikoĕ titinggalingsoen ing sira kang awĕt poma anak-poetoenira sami wekasen, sami anoeta wirasaning toetoeringsoen ikoĕ kabĕh, karana maṅawa anoet ing woewoesi(ng) wong sasar.

ĕ Mitraning(soen) sadaja! Baoela si akĕh jĕn ingsoen 15  
toetoera sawirasaning sastra ikoĕ anging sira dĕn sami awedi ing pangĕran. Adja sira salah simpang, sami sira amriha kasidan.

Tammat tjarita tjinitra kang pakerti<sup>4)</sup> Pangĕraning 20  
Bĕnang.

a) MS. salingalam. vgl. XIII<sup>10)</sup>.

b) MS. salingalam.

pangĕran sakatahĕ malih i(ng)kang anoet mangkāna oega soesahĕ atinĕ.

ĕ Mitraningsoen! Dĕn sami sira aketjapa betjik-betjik kalawan lampahira *šāhir bāfin* anoeta kang sarĕngat, andika *rasūlu 'llāh ḡallā 'llāhu 'alaihi wa sallama*<sup>a)</sup> asih- 5  
pramoelĕha sira ing *rasūlu 'llāh, 'alaihi 'Isalām* — marganira anampani sih noegrahaning pangĕran. Dĕni(ng) kang sih andika *rasūlu 'llāh, 'alaihi 'Isalām*, sira iki awijos kapit 83 ing sih, karihin sihing pangĕran kalawan kang sih *rasūlu 'llāh, ḡallā 'llāhu 'alaihi wa sallama*<sup>b)</sup>. 10

ĕ Mitraningsoen! Ikoe titinggalingsoen ing sira kang awĕt poma anak-poetoenira sami wekasen, sami anoeta wirasaning toetoeringsoen ikoe kabĕh, karana manawa anoet ing woewoesi(ng) wong sasar.

ĕ Mitraning(soen) sadaja! Baele si akĕh jĕn ingsoen 15  
toetoera sawirasaning sastra ikoe anging sira dĕn sami awedi ing pangĕran. Adja sira salah simpang, sami sira amriha kasidan.

Tammāt tjarita tjinitra kang' pakerti<sup>4)</sup> Pangĕraning 20  
Bĕnang.

a) MS. selingalam. vgl. XIII<sup>40)</sup>.

b) MS. selingalam.



78 M 376  
105.248

**DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN  
DIREKTORAT JENDRAL KEBUDAYAAN  
PROYEK PENELITIAN DAN PENGKAJIAN  
KEBUDAYAAN NUSANTARA  
( JAVANOLOGI )**

**SASTRA - GENDHING**

EX LIBRIS KUNTARAW.  
no. 1507

**IGNATIUS COLLEGE  
JOGJAKARTA**

---

**PROYEK JAVANOLOGI**

**d/a Museum Sonobudoyo - Jl. Trikora No. 2 Telp. 2775  
Yogyakarta.**

---



SASTRA - GEDHUNG

Riwayat (1) dalèn Ingkang Sinuhun Kangjeng SULTAN AGUNG  
ing nagari MATARAM.

Kabangun enggal dening :

K.P.H. Suryaningrat lan K.P.H. Sasraningrat ing  
Pakualaman Ngayogyakarta.

I

1. Lumarabing puspawarsa,  
sumawur amarātani,  
kababar arum kang ganda,  
satingkasing warsa sari,  
sakehing slaga kengis,  
keksi nawung sarkara-yu,  
yeku ta sanepanya,  
winbening sasmita-murti,  
kang rinēggeng gita amamalad driya.
2. Lir mangimur manuhara,  
mamasuh malaning budi,  
kang mupakat sinaksenan,  
dening para sarjana-di,  
kang tuhu anētēpi,  
ing reh pralambang ing ayun,  
yeku riwayat-ira,

Jēng Sultan Agung Matawis,  
 kang minangka paugeraning muktakat.

Catatan : R.F. 1 wirayat

3. Nyang pangolah karawitan,  
 pangasah mingising budi,  
 pamardi yuning agesang,  
 tērusing kasidan jati,  
 kadērōng emengēti,  
 riwayat-dalēm Sang Prabu,  
 derapon kasawaban,  
 saliring reh wiyata-di,  
 winursita baku babaring wasita.
4. Sri Nata Dipengrat Java,  
 Jēng Sultan Agung Matawis,  
 kang kadhaton nagri Karta,  
 ing jaman saeka mulki,  
 ngrat Java nyakrawati,  
 ing manca sabrang sumuyut,  
 amirub mukminina,  
 sayidin panata gami,  
 mahambara sinuksmeng bangsa ambiya.
5. Jinurung kadigbyanira,  
 ing ajam amirokimi,  
 tuhu ratu pinandhita,

kang mangka kalipah sukci,  
kasubtinēngeng bumi,  
malikul waliyollahu,  
langgeng kanang mangunah,  
iku kang nruskān sastra-di,  
nabda marang para trah wuri pērsapa.

6. Yakti tan ingakēn darah,  
yen tan wignya tēmbang kawī,  
jēr kamot sandining sastra,  
akathah logating tulis,  
kang dhihin basa Kawi,  
Kawi kawignyaning wuwus,  
tumrap ing niti-praja,  
Kasusilan trus ing ngelmi,  
lawan kawī kang tumrap sandining sastra.

7. Kayata ca-ra-ka-basa,  
dasaanama kirata-di,  
babaṣan amēngku rasa,  
rasa karēp marang pamrih,  
myang tuduh pinangkeng wit,  
kaya ngran Kawi puniku,  
ka : karēping panēdya,  
wi : lēpasireng pamusthi,  
munggeng sastra karēp lēpasing kirata.

8. Wus dene kang sastra Arab,  
 yogya trang makna logati,  
 wilēt lukitaning lapal,  
 kaat(2) myang pasekat titi,  
 bidalil isim pingil,  
 miwah ing saliyani pun,  
 wawēcanireng lapal,  
 dadya mirading wong arip,  
 geng babaya lapal salin maknanira.
9. Tan pahe rarasing Jawa,  
 rēnggan wiramaning gēndhing,  
 kinarya ngimpuni basa,  
 mamanise den reksani,  
 lamun bubrah kang gendhing,  
 sastra ngalih reosipun,  
 kang tumrap ing pradangga,  
 swara nrus pinrēs ing esthi,  
 manrus kongas ruing langēn kalēnglengan.
10. Kalēngkanireng swarendah,  
 sarancek pinētheng esti,  
 ngesthi tableh ing panunggal,  
 linang suksma sarasa nir,  
 pranyata wus lir jati,  
 marma sagung tran Matarum,

Catatan : (2) R.P. 1 kir'at

den putus oleh reras,  
sasmita sandining kawi,  
lawan kawi kang tuurap sandining sastra.

11. Pramila gēndhing yen bubrah,  
gugur sēmbahe mring bidhi, (3)  
batal wisesaning salat,  
tanpa gawe ulah gēndhing,  
dene ngran tēmbang gēndhing,  
tukireng swara linuhung,  
amuji asmaning dat,  
swara saking osikwadi,  
osik mulya wēntaring cipta surasa.

12. Surasaning ngeski kayat,  
kayat ingkang baka kadim,  
pramila wong olah tēmbang,  
wus dene mērdanggeng gēndhing,  
den wignya tanduk manis,  
wirama wilētireng rum,  
myang nyamlengira raras,  
raras manrus ing pangesthi,  
lamun bubrah ten motamudyeng iradat.

13. Marma sagung trah Mataram,  
kinan wignya tembang Kawi,

Catatan : (3) R.P. 2 Gusti

jēr wajib ugēring gēsang,  
 ngawruhi titining ngelmi,  
 kang tumpas ing praja-di,  
 tēmbang Kawi asalipun,  
 tan kyan titining sastra,  
 paugeraning dumadi,  
 nora ana kang liya tuduhing sastra.

## II

1. Gēng brangta mangusweng gendhing,  
 setengah wong parēbutan,  
 kang ahli gēndhing padudon,  
 lawan ingkang ahli sastra,  
 arēbut kaluhuran,  
 iku wong tuna ing ngelmu,  
 tan ana gēlēm kasoran.
  
2. Yēkti kēhadhangan kibir,  
 rēbut luhuring kagunan,  
 dadi luput sakarone,  
 sajatine wong agēsang,  
 apa ingkang binisan,  
 iku kang kinarya luhur,  
 tēmah ēndi kang mupakat.

3. Luhuring sastra lan gēndhing,  
takona kang wus ngulama,  
truse landelil kadise,  
kang ngrani gēndhing luhurnya,  
pinet saking hakekat,  
ing akal witing tumuwuh,  
ananing hyang saking akal.
4. Witing osikireng ngelmi,  
gēndhing akal ingkang marna,  
myang swareng gong sacengklinge,  
tan kahana wujudira,  
muhung kapyarseng karna,  
uga trusing swara luhung,  
kasampurnaning panunggal.
5. Mangreh nrus swareng dumadi,  
lan nyamlēngireng wirama,  
tuduh ing katunggalane,  
de sastra ingaran andhap,  
reh kawēngku ing akal,  
lan kawayang warnanipun,  
sastra gumelar ing papan.
6. Padha lahir pan wus kari,  
gamelan tan dedi bandha,  
kamot ing praja karyane,  
sastra praboting nagara,

lumaku sabēn dina,  
 myang nigas pradata kukum,  
 sanadyan ta kanthi akal.

7. Dudu akal trusing gēndhing,  
 akal lungiding susastra,  
 akal ing gēndhing yēktine,  
 babaring jatining sastra,  
 kanyatan ing aksara,  
 sarwi Alip kang pituduh,  
 mengku gaibul awiyah.
- c. Dat mutlak dipun-wastani,  
 myang letakyun ingaranan,  
 durung kahana salire,  
 maksih wang-uwung kewala,  
 iku jatining sastra,  
 anane gendhing satuhu,  
 dupi Alip wus kanyatan.
9. Katandhan ing roh-ilapi,  
 goning alam korijiyah,  
 iku wit ngakal anane,  
 dennyta wit wruh ing dat mutlak,  
 saking kono kang marna,  
 iku kawruhana sagung,  
 ēndi ingkang luhur andhap.

10. Rasa pangrasa upami,  
 Yekti dingin rasanira,  
 pangraseku kahanane,  
 kang cipta kalawan ripta,  
 sayekti dhingin cipta,  
 kang rinipta gendhingipun,  
 kang nambah lan kang sinambah.
